# Мэкъуауэгъуэм и 12-р Урысейм и махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№69 (24.507) • 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 10, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru


КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ



## Зэрырагъэжьам хуэдэу псынщІэу

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ видеоконференц ІэмалкІэ къызэрагъэпэща, УФ-м ЩІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ и комиссэм и Президиумым и зэхуэсым. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.**

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, федеральнэ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъумрэ гъуэгухэмрэ унэхэмрэ епха ухуэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ. ЩІыналъэ щхьэхуэхэм я Іуэху зыІутым теухуауэ къэпсэлъащ УФ-м ухуэныгъэ Іуэхухэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Файзуллин Ирекрэ УФ-м транспортымкІэ и министр Костюк Андрейрэ. Ухуэныгъэм халъхьэ инвестицэхэр нэхъ мащІэ ящІыну унафэ къызэращтам емылъытауэ, лэжьыгъэхэр зэрырагъэжьам хуэдэ дыдэу псынщІэу ирагъэкІуэкІыну къалэн къыщащІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ехьэлІауэ, ухуэныгъэ лэжьыгъэм нэхъ хиубыдэр егъэджэныгъэм епхахэрщ: зэуэ школыщІэ 16 яухуэ, абыхэм ящыщу 7-р 2023 гъэм и кІэм яутІыпщынущ. Лышх къызэузхэм щеІэзэ диспансеррэ поликлиникэрэ щІэуэ кърагъэжьащ, школрэ амбулаторэу зыбжанэ зэІузэпэщ ящІ. ЦІыхухэр зыщІэтІысхьэжа унэщІэхэмрэ инвестицэхэр къагъэщхьэпэу ящІа ІуэхущІапІэхэмрэ я хъуреягъкІэ инфраструктурэр зэгъэпэщын, пщІантІэхэр зыхуей хуэгъэзэн Іуэхум адэкІи пащэнущ. «ФІагъ зиІэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» проектымрэ федеральнэ программэхэмрэ япкъ иткІэ, зыхуей хуагъэзэну къалэн зыщащІыжа гъуэгу ухуэныгъэу 87-м щыщу 22-р яухакІэщ. КъинэмыщІауэ, зэІущІэм щытепсэлъыхьащ къэрал мылъкум кІэлъыплъын, къызыхуэтыншэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм мылъку хухэгъэкІын, бюджет кредитхэмрэ Лъэпкъ фондымрэ щыщ мылъкукІэ инфраструктурэм зегъэужьын зэрыхуей Іуэхухэм.

## ИгъащІэкІи яхъумэнущ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу дзэ Іуэху хэхам я къалэныр ягъэзащІэу щыхэкІуэда сэлэтхэм къэралымрэ дзэ къудамэ щхьэхуэхэмрэ къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапІэхэр игъащІэкІи яхъумэну я унагъуэхэм яритыжащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**

ЛІЫГЪЭ, хахуагъэ, псэемыблэжыныгъэ къызэрагъэлъэгъуам папщІэ, УФ-м и Президентым и унафэкІэ ЛІыхъужьыгъэм и орден хуагъэфэщащ (дунейм ехыжахэу): Гаджиев Мурад Идрис и къуэм, Дэхъу Къантемыр Харитон и къуэм, ДыщэкІ Мурат МуІэед и къуэм, Котов Андрей Василий и къуэм, Уянаев Асад Расул и къуэм.

ХэкІудахэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ захуигъазэу, республикэм и Іэтащхьэм жиІащ: «Ди лІыхъужьхэм, ди лъахэгъухэм я цІыхухъу, зауэлІ къалэныр ягъэзащІэу, къэралымрэ дяпэкІэ дунейм къытехьэну щІэблэмрэ къахъумащ. Си щхьэми Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми къабгъэдэкІыу, сыфхуогузавэ. Зэи иремыкІуэд ди щІалэхэм, ди лІыхъужьхэм я фэеплъыр. Абыхэм я цІэхэр зэи темыкІыжыну тхыдэм и напэкІуэцІым иратхакІэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщІэхъуэну щІэблэм дежкІэ ахэр игъащІэкІи щапхъэу щытынущ. ЛІыгъэ яхэлъу я къалэныр ягъэзэщІащ абыхэм. Я унагъуэхэм, къащІэна я бынхэм зэрызащІэдгъэкъуэн зы Іэмали къэдгъэнэнукъым. Фи гуауэр вдыдогуэш, ар хэщІыныгъэшхуэщ псом ди дежкІи. ХэкІуэдахэм я ныбжьэгъухэр щІытІхэм исщ, абыхэм ирашэжьа Іуэхум адэкІэ пащэу. Псоми дахуолъаІуэ текІуэныгъэр я Іэпэгъуу, узыншэу я жьэгу пащхьэ къекІуэлІэжыну. Гурэ псэкІэ фІыщІэ фхузощІ апхуэдэ бын зэрывгъэсам щхьэкІэ».

ЗауэлІхэм я Іыхьлыхэм дамыгъэ лъапІэхэр езытыжахэм яхэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, УФ-м и Лъэпкъ гвардием и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Васильев Сергей, УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ ІуэхущІапІэм и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Громушкин Пётр, КъБР-м къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министру щыІэ Павлов Василий, КъБР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрий, КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарь Тату Казбек, КъБР-м и прокурор Хабаров Николай, Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ Ахъуэхъу Таймураз сымэ.

## Къэрал гимным щІэту

• КъБР-м и Парламентым



**Республикэм и хабзэгъэув ІэнатІэм щагъэлъапІэу УФ-м и цІыхум и паспортыр щратыжащ республикэм щыщ ныбжьыщІэ нэхъ жанхэм. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэрэ и къуэдзэ Жанатаев Сэлимрэ, ЩэнхабзэмкІэ, граждан зэгухьэныгъэмрэ хъыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Къумал Заурбэч, КъБР-м и МВД-м ІэпхъуэшэпхъуэнымкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Къэрэнашэ Аслъэн сымэ.**

- СИ ГУАПЭЩ КъБР-м и Парламентым ныбжьыщІэхэр фыкъызэреблэгъар. Нобэ фэркІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэщ - Урысейм и цІыхуу фызэрыщытым щыхьэт техъуэ дэфтэрыр къыфІэрохьэж. ДяпэкІэ балигъыпІэ фоувэри, адэ-анэм, Іыхьлыхэм, республикэм, къэралым я пащхьэ жэуап зэрыщыфхьыр къывгурыІуэн хуейщ. Хуитыныгъэхэри къалэнхэри фиІэщ. Паспортыр къыфІэрохьэж Урысей Федерацэм и махуэ лъапІэм и пэ къихуэу. Абы и мыхьэнэри къывгурыІуэну сыхуейщ. Махуэ лъапІэм гъунэгъу дызэхуещІ къэралым и цІыхухэр. Псоми ди зэхуэдэ къалэнщ ди хэкум нэхъри ефІэкІуэным щхьэж тхузэфІэкІ хэтлъхьэну. Дыхуейщ ди Урысейр нэхъри лъэщ хъуну, зиужьыну. НыбжьыщІэхэр хэкупсэу фыщытыным куэд елъытыжащ. Феджэ, фи зэхэщІыкІым хэвгъахъуэ, фи гупсысэкІэм зевгъэужь, фІы и лъэныкъуэкІэ зыкъэвгъэлъагъуэ. ФІыуэ флъагъу Хэкур! - захуигъэзащ ныбжьыщІэхэм Егоровэ Татьянэ.

Жанатаев Сэлим паспортыр зыІэрыхьэжхэм ехъуэхъуащ ар угъурлы яхуэхъуну, пщІэ хуащІыну.

- Нобэ щегъэжьауэ къэралым и цІыху балигъ фыхъуащ – Урысей Федерацэм фрицІыхущ. ДяпэкІэ фи гупсысэ фиІэжу, фхуэгъэкъаруун хуэдиз Іуэху къызэвгъэпэщыфу, хуей хъумэ, зыгуэркІэ жэуап фхьыуэ фыщытынущ. Абы папщІэ фІыуэ феджэн, куэд зэвгъэщІэн хуейщ. А псом нэхърэ нэхъыщхьэжыр фщІэрэ?! ЦІыху гуапэу фыщытынырщ! – жиІащ абы.

- Псом япэрауэ, узыншагъэ быдэ фиІэну сыфхуохъуахъуэ! Мурадхэр вгъэув, хэлъэт зыхэвгъэлъ, жыджэру ІуэхуфІхэм зефпщытыф, фІы фщІэф, пэжым фытет - УФ-м и цІыху нэсу фыпсэу! - яжриІащ школакІуэхэм Къэрэнашэ Аслъэн.

Къумал Заурбэч КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым фІыщІэ хуищІащ паспорт зыІэрыхьэжхэм псалъэ гуапэхэр яжриІэурэ илъэс къэс зэригъэгушхуэм щхьэкІэ. НыбжьыщІэхэм ехъуэхъуащ дэфтэр лъапІэр къыщратыжа махуэр игъащІэкІэ я гум ираубыдэну.

- Къыхэзгъэщыну сыхуейщ ныбжьыщІэхэм иратыж паспорт-хэм мы гъэм япэу КъБР-м и Парламентым и мыхъур зэрытрагъэуар. ДяпэкІэ ар хабзэ дахэ хъуну ди гуапэщ. А тхылъыр абы фэркІэ нэхъри лъапІэ ещІ, - жиІащ абы.

Парламентым хэтхэм школакІуэхэм къабгъэдэкІыу фІыщІэ яхуищІащ Аппаевэ Жаннетэ.

- Мамырыгъэ, гуапагъэ, дэрэжэгъуэ фиІэну сыфхуохъуахъуэ Урысей Федерацэм и махуэ лъапІэм и щІыхькІэ. ДэркІэ пщІэшхуэщ нобэ Парламентым дыкъеблагъэу паспорт къызэрытІэрыхьэжар. Дэтхэнэ цІыхум и дежкІи ар дэфтэр нэхъ лъапІэ дыдэщ. ДяпэкІэ паспорт зэрызетхьэнум къокІ къэралым и Конституцэм дытетыну къызэрыттехуэр, хуитыныгъэхэр дызэриІэр, къалэн щхьэхуэхэр дгъэзэщІэн зэрыхуейр. Къэрал Іуэхухэм жыджэру дыхэтыну, зэрыхъукІэ жылагъуэ гъащІэм дыхэлэжьыхьыну ди мурадщ. Сэри си ныбжьэгъухэми къыдбгъэдэкІыу фыкъызогъэгугъэ УФ-м и цІыхум и пщэ къыдэхуэхэр нэсу зэрыдгъэзэщІэным иужь дитыну, фыкъызэрытщыгугъхэмкІэ фыдмыгъэщІэхъуну, - жиІащ ныбжьыщІэм.

Іуэхум и кІэухыу Урысей Федерацэм и гимныр КъБР-м и Парламентым къыщеуащ, школакІуэхэри абы дежьууащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



# Тонни 120-рэ ирагъэшащ

**Херсон, Белгород областхэм щыпсэухэм папщIэ тонни 120-рэ хъу псапэ хуэIухуэщIэхэр ирагъэшащ мэкъуауэгъуэм и 8 -м КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ. Абы хохьэ псы къабзэ, япэу узыхуэныкъуэ, зэрызагъэкъабзэхэр, ерыскъыхэкIхэр, къинэмыщIхэр. ЩIэпхъаджащIэхэр зытеуа Белгород областым щыщхэм хурагъэшар къызыбгъэдэкIыр «Урысей зэкъуэт» партырщ.**

«БЭЛЫХЬ хэхуа цIыхухэм а хьэпшыпхэр ямыIэу хъунукъым. Херсон областым Каховскэ ГЭС-р къызэрыщагъэуам къыхэкIыу, псыдзэ къащIэуащи, абы щыпсэу цIыхухэр ди нэIэ зытет Скадовскэ, Голопристанскэ щIыналъэхэм мэIэпхъуэ. Зи щIыпIэ зыхъуэжхэм я нэхъыбэр цIыхубзщ, сабийщ е узыншагъэкIэ гугъу ехьхэрщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр апхуэдэ щытыкIэм ихуахэм ядэмыIэпыкъуу щысынкIэ Iэмал иIэкъым», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

# Псы къыщIэшыпIэ нэхъыщхьэр къагъэкъэбзэж

**Дызэрыщыгъуазэщи, мэкъуауэгъуэм и 6 - 7-хэм щыIа уалбанэшхуэхэм я зэранкIэ Налшык, ПсыкIэху псыхэм зыкъаIэтауэ щытащ. Мы зэманым ахэр етIысэхыжащ икIи ухуакIуэхэм Iэмал ягъуэтащ республикэм и къалащхьэм и псы къыщIэшыпIэ нэхъыщхьэу псы къиуам зэхикъутауэ щытар зэрагъэпэщыжыну.**

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыIащ уэлбанэм Iисраф зэтрищIа щIыпIэхэм икIи, илъэгъуа псори и лъабжьэу, унафэ ищIащ псымрэ уэшхымрэ зэран зыхуэхъуа IэнатIэ псори зэман кIэщIым къриубыдэу зэгъэпэщыжын хуейуэ. Апхуэдэ щIыпIэхэм ящыщт налшыкдэсхэр псыкIэ къызэзыгъэпэщ къигъэхъуапIэ нэхъыщхьэр.

Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм мы махуэхэм жыджэру хэтщ цIыху 25-рэ. Iуэхум елэжьхэм техникэу къагъэсэбэпыр 10 хъурти, мэрем пщэдджыжьым абыхэм иджыри къахэхъуащ апхуэдиз дыдэ. Лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу икIи яубзыхуа зэманым къриубыдэу зэфIагъэкIынущ.



**● ЗэIущIэхэр**

# Зыужьыныгъэм и шэсыпIэхэм хохьэ

**УФ-м и Федеральнэ налог къулыкъущIапIэм дызэрыт илъэсым къриубыдэу щызэфIагъэкIа Iуэхугъуэхэм иджыблагъэ тепсэлъыхьащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ IэнатIэм КъБР-м щиIэ управленэм и унафэщI ГуэбэщIыкI Аслъэнрэ.**

2023 гъэм и мазитхум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым къихьащ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я бюджетым къыхэкI налогыу сом меларди 7,6-рэ. Нэгъабэ и иджы хуэдэ лъэхъэнэм еплъытмэ, ар проценти 8,5-кIэ нэхъыбэ мэхъу. Ахъшэр нэхъыбэу къыхэкIащ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм зрагъэгъуэт мылъкум, IэщIагъэм епхауэ къалэжьхэм, хьэрычэт Iуэху зыублагъащIэхэм я хэхъуэхэм. Мылъкум и куэдагъым зэрыхэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ зыуэ щыт налог къэбжыкIэм псори зэрытехьар.

Къэралри республикэри зэрыт щытыкIэ ткIийм емылъытауэ, щIыналъэ бюджетым къихъуэ мылъкур нэхъыбэ зэрыхъур къыщыхагъэщащ зэIущIэм. КъБР-м и Iэтащхьэм зэригъэбелджылам-кIэ, ар мэхъу республикэм и IэнатIэ нэхъыщхьэхэу егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, спортым, цIыхухэр социальнэу хъумэным епхахэм нэхъыфIу адэкIи зегъэужьыным-кIэ шэсыпIэфI.

**● КъБР-м и Правительствэм**

# ТрилъэсыкIа гъуэгухэр зэрагъэпэщыж

**Мусуков Алий иригъэкIуэкIа КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэм, и къуэдзэхэу Говоров Сергей, Хъубий Марат, Къуныжь МуIэед къищынэмыщIауэ, кърихьэлIат республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым КъБР-м къегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим сымэ.**

ЗЭIУЩIЭМ Iуэхугъуийм щыхэплъащ. КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн** тепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм и ахъшэ гъэтIылъыгъэм мылъку къыхэхыным теухуауэ Правительствэм ищIа унафэм и проектым. Налшык къалэ мылъку щхьэхуэ хухэхыным, ар зытрагъэкIуэдэнум министрыр щытепсэлъыхьым къыхигъэщащ иужьрей махуэхэм къешха уэшхышхуэм гъуэгухэр Iисраф зэрищIар икIи ахэр зэгъэпэщыжыным ахъшэшхуэ трагъэкIуэдэн хуей зэрыхъур, Хьэсэней - Джэрпэджэж гъуэгур ягъэкъэбзэжу зыхуей хуагъэзэжын папщIэ республикэм и мылъку гъэтIылъам щыщу сом зы мелуанрэ мин 730-рэ къызэрыхуаутIыпщынур.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим** и гугъу ищIащ Прохладнэ дэт сабий унэ-интернатым щыпсэу, зи зыужьыкIэкIэ адрейхэм къакIэрыху цIыкIухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн, я хуитыныгъэхэр хъума хъун папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2023 - 2025 гъэхэм IэмалыщIэхэр иубзыхун зэрыхуейм теухуауэ Правительствэм ищIа унафэм и проектым. Асановым зэрыжиIамкIэ, УФ-м и Президент Путин Владимир а Iуэхум ехьэлIауэ къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, республикэм щызекIуэ хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн хуейщ. Зи психикэр зэтемыс сабийхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етын, социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэн, я хуитыныгъэхэр хъумэн, егъэджэн я лъэныкъуэкIэ хабзэм хуэщIын хуей дэщIыгъужыныгъэхэм арэзы техъуащ къызэхуэсахэр.

Апхуэдэуи КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ищIа унафэм ипкъ иткIэ, гъащIэм щытыкIэ гугъу иригъэувауэ ди хэгъэгум исхэм ахъшэкIэ ядэIэпыкъуным и Iуэхум теухуа проектри утыку кърихьащ Асановым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщI **Бгъэжьнокъуэ Зурият** тепсэлъыхьащ я IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм, Запорожье, Херсон областхэм лэжьыгъэ IуэхукIэ зэрагъакIуэм теухуауэ Правительствэм ищIа унафэм и проектым. УнафэщIым къигъэлъэгъуащ командировкэ кIуэхэм я гъуэгупщIэр, зыхуеинухэр, лэжьапщIэр къызыхэкI мылъку щхьэхуэ зэрагъэпэщын зэрыхуейр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



# Зыщывмыгъэгъупщэ нобэрей махуэр

**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щатыжащ Урысей Федерацэм и цIыхум и дэфтэр нэхъыщхьэр - паспортыр. НыбжьыщIэхэм дэфтэрыр щыIэрагъэхьэжым къеблэгъащ полицэм и майор, КъБР-м и МВД-м Iэпхъуэшэпхъуэн IуэхухэмкIэ и управленэм цIыхухэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Хьэбэч Ислъам.**

IУЭХУР Урысей Федерацэм и гимнымкIэ къызэIуаха нэужь, ныбжьыщIэхэм я дэфтэр нэхъыщхьэр иратыжащ. Абыхэм гуапэу захуигъэзащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Берд Хьэзрэталий**.

- Нобэрей Iуэхум къеблэгъахэм, балигъ гъащIэм хэбакъуэ ныбжьыщIэхэм сынывохъуэхъу Урысей Федерацэм и махуэмкIэ! НыбжьыщIэхэм фи дэфтэр лъапIэр а махуэм и щIыхькIэ къызэрыфIэрыхьэжым фи гур нэхъри хигъэхъуэн хуейщ. Зыщывмыгъэгъупщэ нобэрей махуэр - Урысей Федерацэм и цIыху балигъ фыхъуащ. Насыпыр, ехъулIэныгъэр фи Iэпэгъуу фыпсэуну сынывохъуэхъу! Фэ къыфпоплъэ IуэхуфIхэр. ЩIэныгъэ зэвгъэгъуэтауэ, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм фыпэрыту, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэми IуэхукIэ фыкъыщыхутэнкIэ хъунущ нобэ ди пащхьэ къис ныбжьыщIэхэр. Дунейр къэфкIухьа нэужь къывгурыIуэнущ ущалъхуа щIыналъэм нэхърэ нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр. ФIыуэ флъагъу Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Урысей Федерацэр. Гъуэгу махуэ! - жиIащ абы.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, и аппаратым и унафэщI **Дьяченкэ Аннэрэ** ветеранхэм я «ЗауэлIхэм я зэкъуэшыгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Абэнокъуэ Владимиррэ** къэралым и дэфтэрыр зратыжахэм ехъуэхъуащ абы пщIэ хуащIу зэрахьэну, паспортыр щаIэрыхьэж махуэр щIэдзапIэ дахэ яхуэхъуну, адэкIэ ехъулIэныгъэфIхэр яIэну.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# Тэмэму зэкIэлъагъакIуэ

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм депутатхэр Iуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъащ. Ар иригъэкIуакIащ республикэм и хабзэгъэув IэнатIэм и унафэщI Егоровэ Татьянэ.**

ЗИ гугъу ящIахэм ящыщщ «Зэхуэсхэм, пэкIухэм, зэрымыарэзыр къэзыгъэлъагъуэ зэхыхьэхэм, махуэшхуэхэм ятеухуауэ» къэрал законым зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьам ипкъ иткIэ ягъэхьэзыра, «КъБР-м цIыху гуп зыхэт зэIущIэхэр щегъэкIуэкIыным теухуауэ» щIыналъэ хабзэм и 9-нэ Iыхьэм къару имыIэжу къэлъытэн» республикэ законыр. Абы хуит ищIыркъым егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным епха, цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ IуэхущIапIэхэм, сабийхэр щыджэгу щIыпIэхэм, спорт утыкухэм хухэха, диныр щызэрахьэ унэхэм, ухуэныгъэхэм цIыхушхуэ щызэхуэс апхуэдэ зэIущIэхэр щегъэкIуэкIыныр.

- ЦIыхушхуэ зыхэт зэхыхьэр щебгъэкIуэкI мыхъуну щIыпIэхэр зыгъэбелджылы щIыналъэ хабзэмрэ зи гугъу тщIа федеральнэ законымрэ зэтемыхуэныгъэхэр зэраIэм къыхэкIыу республикэ законым и 9-нэ Iыхьэм къару имыIэжу къэлъытэныр къыхэтлъхьащ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Коррупцэм пэщIэтынымрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и комитетым и унафэщI Кривко Михаил.

Апхуэдэу тепсэлъыхьащ «КъБР-м и аттракционхэр къызэрагъэсэбэпымрэ абыхэм я техникэ щытыкIэмрэ яIэ къэрал кIэлъыплъыныгъэм теухуауэ» законым и проектым. КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш Iуэхухэмкiэ, щIыуэпсыр хъумэнымрэ ар къэгъэсэбэпынымкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур къызэрыхигъэщамкIэ, «УФ-м и къэрал, муниципальнэ кIэлъыплъыныгъэхэм ятеухуауэ» федеральнэ закон №248-ФЗ-м къызэригъэувым тету аттракционхэр зэрылажьэр къэпщытэныр тэмэму зэкIэлъыгъэкIуакъым.



- Ар зэпэщу зэтеухуауэ щытын, аттракционхэр зэрагъэлажьэмрэ абыхэм я техникэ щытыкIэмрэ щIыналъэм щыкIэлъыплъын папщIэ республикэ законопроект дгъэхьэзыращ, а къэпщытэныгъэхэр зэрекIуэкIынур убзыхуауэ къыщыгъэлъэгъуауэ.

Депутатхэр хэплъащ «Республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ ятеухуа республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Iуэхугъуэхэм, «КъБР-м и Парламентым и Регламентым и 53-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» республикэм и Правительствэм и унафэм.

Законхэм я проектхэр абыхэм хэплъэжынухэм, зэхъуэкIыныгъэхэр хэзылъхьэнухэм хуагъэхьащ, ахэр къыхалъытэжынурэ зэхьэлIа комитетхэм а законопроектхэр КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэм къыщыхалъхьэнущ.

УФ-м и ПсэупIэ, Къалэухуэ, Налог, ЩIы кодексхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным теухуауэ щыIэ къэрал хабзэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ щIыналъэ зыбжанэм зэрызыкъыхуагъэза Iуэхухэми тепсэлъыхьащ.

Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэм ирихьэлIэу узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхылъхэмкIэ ягъэпэжыну унафэ къащтащ.

ЗэIущIэр щызэхуищIыжым, Егоровэ Татьянэ депутатхэм 2023 гъэм я гъатхэ сессиер и кIэм зэрынэблагъэр къыхигъэщри, жиIащ абы ирихьэлIэу я къалэн псори ягъэзэщIэн, комитетхэм къапэщылъ къэпщытэныгъэ-аналитикэ Iуэхухэр Iэмал имыIэу ирагъэкIуэкIын зэрыхуейр.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***




# МафIэм илыпщIа сабиигъуэ

**• Зэхыхьэхэр**

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм накъыгъэм и 8-м щекIуэкIащ «Детство, опаленное войной» зэхыхьэ гуапэр. Абы щагъэлъэпIащ Налшык къалэм щыпсэу, Хэку зауэшхуэм зи сабиигъуэр хиубыда нэхъыжьыфIхэр.**

ЦIЫХУ гъащIэм, сабийхэм нэхъ лъапIэ сыт щыIэ? Хэку зауэшхуэм сабий мелуан 13-м щIигъу хэкIуэдащ. Зауэ гущIэгъуншэм теухуа роман, повесть, Iуэтэж, усэ, уэрэд мащIэ ятхакъым. ФIэщщIыгъуейщ а гузэвэгъуэм теухуа псори зэгуэр и кIэм нэсу щаIуэтэжыну зэман къэхъуну. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы и лIыхъужьхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хощI, ауэ я фэеплъыр хуэсакъыу яхъумэ зауэр зи нэгу щIэкIа я бынхэм.

- Зэманым я нэхъ Iейм  зи сабиигъуэр хиубыдахэм ящыщу мы зэхыхьэм къекIуэлIа дэтхэнэми фIыщIэ фхузощI! Хэт нэхъ цIынэу, хэти тIэкIу нэхъ къыдэкIуэтеяуэ фыхиубыдащ зауэм и зэман хьэлъэм, - жиIащ «Дети войны» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Ульбашевэ Светланэ. - ЦIыхубэм зауэм къытхуихьа гузэвэгъуэхэм псори дыщыгъуазэщ. ТекIуэныгъэм зи псэр щIэзыта, ар къытхуэзыхьа совет зауэлIхэм я фэеплъыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Гуапагъэ фыщымыщIэну, узыншагъэ фиIэну, дуней мамыр фыщыпсэуну сынывохъуэхъу!

- Хэку зауэшхуэр кинофильмхэмрэ тхылъхэмкIэ мыхъуу, ар зи нэгу щIэкIар фэращ, зауэм и бынхэрщ. Зауэ нэужьым ветеранхэм, балигъхэм я гъусэу Совет Союзыр зэфIэзыгъэувэжа нэхъыжьыфIхэм гулъытэрэ пщIэрэ фхуэфащэщ, щIэблэм гъащIэ езытар фэращи! Зауэм и бынхэм сэри сащыщу жыпIэ хъунущ. Си адэр зауэм и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэс хэтащ. ТекIуэныгъэ Иным Монголием щыIущIащ. Си анэри зауэм и бынхэм ящыщщ. Мызэ-мытIэу къытхуиIуэтэжащ зауэ зэманым ялъэгъуа гузэвэгъуэхэр... Псом хуэмыдэу сабийхэм ягу къинащ гугъуехьу яшэчар, - жиIащ КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и япэ секретарь Пащты Борис. - ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьахэр къэралым и цIыхухэм тщыгъупщэркъым. ДяпэкIи щIалэгъуалэм щапхъэ фахуэхъуну, дывгъэгуфIэну ди гуапэщ! НэхъыжьхэмI пщIэ фхудощI, фэркIэ догушхуэ, фIыуэ фыдолъагъу! ГъащIэ кIыхь, узыншагъэ Тхьэм къывит!

«Дети войны» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Къэнэмэт Замири нэхъыжьхэм ехъуэхъуащ икIи жиIащ зауэм и бынхэм къэралым хуэфащэ гулъытэ хуищIыным дяпэкIи я нэIэ зэрытрагъэтынур.

Пащты Борис зи лIыкIуэ IуэхущIапIэм къыбгъэдэкI фэеплъ медалхэр иратащ Къуныжьхэ Мухьэмэд, Рэмэзан, Сэфарбий сымэ, Iустырхъанхэ Тамарэрэ Казбекрэ. Апхуэдэу медалэр иратащ Къуэдзокъуэ Къэрал, Кучеджиев Александр, Васинэ Валентинэ, Медведевэ Нинэ, Передельская Валентинэ, Дзэмыхь Музэриф, Вишняковэ Зое, Вишняковэ Раисэ, Битокъу Анатолэ, Севастьяновэ Еленэ, Безверховэ Раисэ, Акиевэ Тамарэ, Хьэмгъуохъу Урал, Сонэ Люсэ, Жабоев Къэрэкъан, Гарькавэхэ Викторрэ Галинэрэ, Немишевэ Камаренисэ, Къардэн Залымхъан, Шевцовэ Валентинэ, Зуев Юрэ, Ореховэ Раисэ, Дьячковэ Валентинэ, Олейниковхэ Николайрэ Светланэрэ.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ КПРФ-м и Налшык къалэ комитетым и япэ секретрь Шыдакъ Евгение, Налшык къалэм и Вольнэ Аул хьэблэм и администрацэм и унафэщI Ажэгъуей Аслъэнбэч, ирагъэблэгъахэр.

НыбжьыщIэхэр къеджащ зауэм и бынхэм ятеухуа усэхэм, уэрэдхэр жаIащ. Шыдакъ Евгениерэ Ульбашевэ Светланэрэ щIыхь тхылъхэр иратащ зэхыхьэр зыгъэдэха ныбжьыщIэхэм. ЗэIущIэм хэтхэр ирагъэблэгъащ Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм мэкъуауэгъуэм и 22-м ветеранхэм, зауэм и бынхэм я щIыхькIэ щрагъэкIуэкIыну пшыхьым.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Бжьэхэм фахуэсакъ

**«Россельхознадзор» IуэхущIапIэм и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм дызэрыщигъэгъуэзэмкIэ, иджы хуэдэ зэманыр бжьэхэмкIэ шынагъуэншэкъым. Ахэр зыIэпашэ рапс хьэсапкъэхэм, IэфIымэр къыпихыу мэзкусэхэм щызэщIэгъэгъа кIарцхэм. Абы ирихьэлIэу мэкъумэшыщIэхэри пестицидхэмкIэ йолэжь щхъуантIэу хьэсапкъэхэм къыщызэщIэрыуа гуэдзым, хьэпцIийм, джэш щхъуантIэм.**

ХАБЗЭМ къызэригъэувымкIэ, гъавэгъэкIхэр хьэсэхэм химикатхэмкIэ елэжьыным тхьэмахуищ и пэ иту Iэгъуэблагъэм ит бжьаIуэхэм хъыбар ирагъэщIэн хуейщ, ари псалъэкIэ мыхъуу, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зыпащIэу, зэрызэдэлэжьэну щIыкIэмкIэ зэгурыIуэн хуэдэу. А пIалъэм ирихьэлIэу гъэбелджылауэ щытын хуейщ хьэсэпкъэхэм я гъунапкъэр здынэсыр, абы щелэжьыну зэманымрэ зэрелэжьыну хущхъуэгъуэхэмрэ.

Гъавэ зыщIэхэр хьэсэпкъэхэм пестицидхэмкIэ елэжьыну хуит щащIыр пшапэ зэхэуэгъуэрщ, бжьэхэр етIысылIэжа нэужь. АрщхьэкIэ, хабзэм ебакъуэу, а пIалъэр пщэдджыжьым зыхьхэми е зэманкIэ зыгъэIэпхъуэхэми уарохьэлIэ. Абыхэм я зэранкIэ ашыкхэм кърамыгъэкIыу кIыхьу иса бжьэхэр къызэрогъэплъри, хуабэр яхуэмыхьу, зэтолIэ.

Псом нэхърэ нэхъыфIыр гъавэ щIапIэхэм щхъухьхэмкIэ щелэжь лъэхъэнэм бжьэхэр а щIыпIэм километри 10-кIэ пэжыжьэу Iушынырщ - псэущхьэ къэзылъэтыхьхэр абы нэхърэ нэхъ жыжьэ лъэтэфыркъым. Щхъухьхэм бжьэхэм зэраныгъэу къыхуахьыр зыхуэдизыр мыпхуэдэ бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ: 2014 гъэм Кавказ Ищхъэрэм бжьэ бын  мин 95-рэ итамэ, мы зэманым ахэр зэрыхъужыр мин 27-рэщ - хуэдищкIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Бжьэхэм лей къатехьамэ, бжьахъуэхэм щIыналъэ администрацэмрэ ветеринар IуэхущIапIэмрэ я лIыкIуэхэр ираджэу, бжьэхэр зэрызэтелIамкIэ тхылъымпIэ ятхын хуейщ.

Бжьэ куэду зыгъэхъу хьэрычэтыщIэхэм я фор ящэн и пэкIэ абы и къабзагъыр ветеринар-санитар IуэхущIапIэхэм  къызэрыщапщытам щыхьэт техъуэ тхылъ яIыгъын хуейщ. Зи бжьэр зэтелIахэм я фор къэпщэхуну зыкIи шынагъуэкъым. Сыту жыпIэмэ, щхъухьыр зылъэIэса гъэгъахэм я купсэм кърахa фор бжьаIуэм къамыхьэс щIыкIэ, езы бжьэхэр малIэри къохуэх.

УФ-м и Агропромышленнэ Кодексым и 3.8-нэ статьям (Пестицидхэмрэ агрохимикатхэмрэ къэгъэсэбэпыным ехьэлIа хабзэм ебэкъуэн) ипкъ иткIэ хабзэр зымыгъэзащIэхэм сом мини 2-м къыщыщIэдзауэ мини 5-м нэскIэ, ар юридическэ лицоууэ щытмэ, сом мини 10-м къыщыщIэдзауэ мини 100-м нэскIэ етхьэкъунущ,  мазищ пIалъэкIэ абыхэм я лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIэнущ.

Бжьэ ашык зыбжанэ я щхьэм щхьэкIэ зыIыгъхэр абы хиубыдэркъым. Абыхэм я деж щыщахуэхэр езыхэр сакъын хуейуэ аращ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



# Хэкум и хъугъуэфIыгъуэхэр

**Мэкъуауэгъуэм и 12-р лъапIэ дыдэщ Урысей Федерацэм дежкIэ. Мы махуэм, 1990 гъэм, РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутатхэм къащтащ Урысейр къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр щIэзыгъэбыдэ декларацэр. 1991 гъэм ар цIыхухэм зыщагъэпсэху махуэу ягъэувауэ щытащ. 1992 гъэ лъандэрэ Урысейм и махуэу ягъэлъапIэ.**

УРЫСЕЙР къэралыгъуэ телъыджэщ: абы и тхыдэри, щIыуэпсри, щэнхабзэри къулейщ. ЩIэныгъэр куэдкIэ ипэкIэ зыгъэкIуэта, къэхутэныгъэ гъуэзэджэхэмкIэ зи цIэр дуней псом щызыгъэIуа, гъуазджэмкIэ, спортымкIэ, медицинэмкIэ ехъулIэныгъэшхуэхэр къэзыгъэлъагъуэ цIыхухэмкIэ гъэнщIащ ар. Пэжу, уи щхьэр лъагэу уэзыгъэIэт IуэхугъуэфIхэр къыддогъуэгурыкIуэ.

Урысейм и махуэшхуэм ирихьэлIэу, мы тхыгъэмкIэ дриплъэжынщ тхыдэм епха Iуэхугъуэхэм.

1. 19-нэ лIэщIыгъуэр къихьэху Урысейм иIакъым и гимн. Къэрал мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ псори «Гром победы, раздавайся!», «Коль славен наш Господь в Сионе» уэрэдыжьхэмкIэ къызэIуахырт. Урысейм и япэ гимныр 1816 гъэм ятхауэ щытащ, Великобританием и «God Save the King» гимным и макъамэр щIэту, абы Жуковский Василий и «Молитва русских» усэр щIэлъыжу. ИужьыIуэкIэ, пащтыхь Николай Езанэм и унафэкIэ, макъамэтх Львов Алексей итхащ гимныщIэ, «Молитва русских» усэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр халъхьауэ щIэту. Апхуэдэу къэунэхуащ «Боже, Царя храни!» гимныр. Аращ Мазае революцэр къэхъеиху Урысейм иIар.

2. Дунейм нэхъ куу дыдэу тет метрор Санкт-Петербург и лъабжьэм щIэтщ. Ар метр 47-120-кIэ йох.

3. Уралым щыIэ, графит къыщыщIах Къэрэндащ Iуащхьэм нэхъыжь дунейм темыту къахутащ. Абы илъэс меларди 4-м щIигъу и ныбжьщ, ЩIым и ныбжьэгъущ.

4. Дунейм нэхъ цIэрыIуэ дыдэу тет Iэщэр – Калашниковым и автоматырщ. Ар къэрали 106-м щызэрахьэ, уеблэмэ Зимбабве, Мозамбик, Тимор КъуэкIыпIэм я къэрал ныпым тетщ абы и сурэт. КъызэрабжамкIэ, нобэкIэ дунейм щызэрахьэ Калашниковым и автомату мелуани 100-м щIигъу.

5. Москва и Къэрал Университетым и унэр еджапIэ нэхъыщхьэу дунейм тетым я нэхъ лъагэ дыдэщ. Абы и къудамэ нэхъыщхьэм метр 240-рэ и лъагагъщ. КъищынэмыщIауэ, МГУ-м и унащхьэм тетщ Европэм и сыхьэт нэхъ ин дыдэр. Абы метри 8,74-рэ и бгъуагъщ. Университетым и къудамэ нэхъыщхьэр зэтралъхьэным и закъуэ гъущI тонн 40-рэ чырбыш мелуани 175-рэ ихьащ.

6. Урысейм и къалэхэм я гербхэм псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыгъэлъэгъуащ. Псалъэм папщIэ, Саранск и гербым - бажэ, Нижний Новгород щыхь тетщ. Ауэ урохьэлIэ укъэзыгъэуIэбжь сурэтхэми: Челябинск и гербым махъшэ тетщ! Ар къызыхэкIам теухуауэ хъыбар хьэлэмэтхэр щыIэщ. ЗэрыжаIэмкIэ, пасэрей зэманым а къалэмкIэ къыкIуэцIрыкIырт Данэ Лъагъуэр икIи бэзэрышхуэ щызэхэту щытагъэнущ.

7. Дунейм и къалэ нэхъ щIыIэ дыдэри здэщыIэр Урысейрщ. Верхоянск жыхуаIэ къалэм щIыIэу градус 67,8-рэ къигъэлъэгъуауэ щытащ. Арагъэнщ абы нэхъ къалэ цIыкIу Урысейм зэримыIэр къызыхэкIари – абы цIыху 828-рэ дэсу аращ.

8. Эрмитаж музейр зымыцIыху е а цIэр зэхэзымыха щыIэу къыщIэкIынкъым. Ауэ абы цIыхухэм я закъуэкъым щылажьэр, атIэ джэду 50-м щIигъу щIэсщ, пэш щхьэхуэ яхухахауэ. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр – дзыгъуэ къэубыдынырщ, икIи «пэшыр дзыгъуэхэм щызыхъумэ лэжьакIуэ» жиIэу кадр тхылъым итщ дэтхэнэри. ЗэрыжаIэмкIэ, Эрмитажым япэ дыдэу джэду къыщащтар Пётр Езанэм и зэманырщ.

9. «Утро в сосновом лесу» зыфIищауэ Шишкин Иван итха сурэтым нэхъ цIэрыIуэ урысей гъуазджэм хэткъым.

10. Урысейм щыIэщ гуэл нэхъ куу дыдэу дунейм тетыр. Дунейм нэхъ ин дыдэу тет псыхэр – Индыл, Тэн, Днепр, Енисей, Урал, Обь, Ганг, Ориноко, Амазонкэ, Темзэ, Сенэ, Одер псыхэр зэпымычу илъэс псокIэ зэхэбгъэлъадэмэ, Байкал хуэдиз хъуну аращ!

11. Урысейм и щIэныгъэлIхэрщ электрокъарукIэ лажьэ лампочкэр, телевизорыр, микроскопыр, жьыхулъатэр, бомбардировщикыр, видеомагнитафоныр, тракторыр, сурэт щхъуэкIэплъыкIэр, гу IэрыщIыр, бензинкIэ лажьэ двигателыр, гуэдз зэрыIуахыж машинэр, автоматыр, гъущI зэрызэпагъавэ Iэмэпсымэр, хьэфэр, противогазыр, химием и пкъыгъуэхэр къэзыгъэнахуэ таблицэр, псы лъабжьэкIэ зекIуэ кхъуафэжьейр, миномёт, парашют, нэгъуэщI куэди къэзыгупсысар.

12. Дуней псом къыщацIыху Тетрис компьютер джэгур 1985 гъэм зытхар урыс программист Пажитнов Алексейщ.

Илъэс къэс мэкъуауэгъуэм и 12-м Урысейм егъэлъапIэ и къэралыгъуэр. А махуэм и мызакъуэу, сытым дежи дигу илъыпхъэщ ди хэкушхуэр къэралыгъуэм хуэзыша, дуней псом и цIэр щызыгъэIуа цIыху телъыджэхэмрэ хъумэн хуей хугъуэфIыгъуэхэмрэ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**





● 2023 гъэр - Егъэджакlуэмрэ унэтlакlуэмрэ я илъэсщ

# IэщIагъэм нэхъыфIу езыгъэсэхэр

**Ди къэралышхуэм хыхьэ щIыналъэ псоми мы махуэхэм щекIуэкIащ «IэщIагъэм хуезыгъаджэ мастер нэхъыфI-2023» урысейпсо зэпеуэм я щIыналъэпсо Iыхьэхэр. Абы хэтащ курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэт колледжхэм, техникумхэм, лицейхэм (СПО) я егъэджакIуэхэр, унэтIакIуэхэр, IэщIагъэлIхэр. Иджырей зэхьэзэхуэхэр ящыщщ «Егъэджакlуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсыр» Iэтауэ егъэкIуэкIыным хуэгъэпса Iуэхугъуэхэм.**

МЫ ГЪЭМ ещанэу къызэрагъэпэщ а зэпеуэм зы илъсым нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъ зиужьу, IэщIагъэлI нэхъыбэ къызэщIиубыдэу йокIуэкI. Зэпеуэр къыщрахьэжьа япэ илъэсым абы и утыку СПО-м и егъэджакIуэхэм, IэщIагъэлIхэм ящыщу 2406-рэ ихьауэ щытамэ, нэгъабэ абыхэм я бжыгъэр 2784-рэ хъуащ. 2023 гъэм къыхалъхьа зэпеуэм хэтыну лъэIу тхылъ зытахэр цIыху 3917-рэ хъурт. УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей зэрыжиIащи, зэпеуэм зэрызиубгъумрэ ар нэхъ цIэрыIуэ зэрыхъумрэ къагъэлъагъуэ зи зэфIэкIыр утыкушхуэхэм щызыгъэлъэгъуэну, зи Iуэху зехьэкIэ пэрытхэмкIэ адрейхэм ядэгуэшэну егъэджакIуэ, унэтIакIуэ, IэщIагъэлI зэчиифIэ куэд дызэриIэр. Къыхиха IэщIагъэм и щэху псоми щыгъуазэ зыхуэзыщIыну хущIэкъу ныбжьыщIэхэм, студентхэм я дежкIэ апхуэдэ егъэджакIуэ Iэзэхэр уасэ зимыIэ хъугъуэфIыгъуэщ.

Ди республикэми шэщIауэ щокIуэкI курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм я IэщIагъэлIхэр зыхэт а зэпеуэр. Иджы дыдэ зэфIэкIащ «IэщIагъэм хуезыгъаджэ мастер нэхъыфI-2023»-м и республикэ Iыхьэр. Абы хэта егъэджакIуэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ къапщытащ зэпеуэм къыхузэрагъэпэща къэпщытакIуэ гупым. Абыхэм къызэралъытамкIэ, урысейпсо зэхьэзэхуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуащ «Призвание» уней медицинэ колледжым и егъэджакIуэ Пэнжокъуэ Лянэ Артур и пхъур. ЕтIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Сату-технологие колледжым и егъэджакIуэ Жанакуевэ Альбинэ Арсений и пхъум. Зэпеуэм ещанэ щыхъуащ Автомобиль-гъуэгу колледжым щезыгъаджэ Балэ Елдар Алишер и къуэр.

ЩIыналъэ зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуа Пэнжокъуэ Лянэ и текIуэныгъэм куэд щыгуфIыкIащ: и лэжьэгъухэри, ныбжьыэгъухэри, иригъаджэ студентхэри. Лянэ хэтынущ зэпеуэм и иужьрей Iыхьэм, ди республикэм и щIыхьыр ихъумэу. УФ-м и СПО IэнатIэм и егъэджакIуэ нэхъыфI 89-рэ зрагъэблагъэ а Iуэхугъуэр мы гъэм и фокIадэ мазэм и кIэуххэм Тулэ къалэм къыщызэрагъэпэщынущ. Пэнжокъуэм дохъуэхъу урысейпсо утыкум ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэфIыр жыжьэ игъэIуну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 10, *щэбэт***

♦**1744 гъэм** Урысеймрэ Тыркумрэ зэращIылIащ Кючук-Кайнарджи мамыр зэгурыIуэныгъэр. Абы ипкъ иткIэ, Къэбэрдейр Урысейм и зы Iыхьэу къалъытат.

♦**1925 гъэм** къалъхуащ режиссёр цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Ерчэн Леонид**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Инэрокъуэ Аллэ**.

♦**1959 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щыщ къэрал лэжьакIуэ, УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ пщIэ зиIэ и лэжьакIуэ **Бэчыжь ФатIимэ**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор **Тамэ Мухьэрбий**.

♦**1988 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ, тхакIуэ, 2013 гъэм Мейкъуапэ щекIуэкIа «Адыгэ пщащэ» дунейпсо зэпеуэм япэ вице-мисс щыхъуа **Щомахуэ Залинэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 11, *тхьэмахуэ***

♦**1939 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **ДыщэкI ФатIимэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 19 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 12, *блыщхьэ***

♦**Урысейм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**Сабийхэр ягъэлажьэу мыдэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Зеикъуэ къуажэм къагъэIэпхъуат Ленинград хамэ къэралыбзэхэр щаджу дэт пединститутыр.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ драматург, АР-м и цIыхубэ артист, УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Мурат Чапай**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 13, гъубж**

♦**1936 гъэм** Къэбэрдей лъэпкъ драмэ театрыр къызэIуахащ.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессор **Даур Борис**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ искусствоведенэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-мрэ Тыркумэн Республикэм щIэныгъэхэмкIэ и академиемрэ я академик **Абыкъу ФатIимэ**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, ветеренар щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Аргун МуIэед**.

♦**1970 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **ХъуакIуэ Заурбэч**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 18- 20 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Зи нэхъыжь едаIуэ и Iуэху мэкIуатэ.**

# Псалъэм и IэфIыр зыхэзыщIат Нинэ

**ГъащIэм щыщу зы теуэгъуэ гуэр зыкIуауэ дунейм цIыху тету къыщIэкIынкъым зэмыплъэкIыж, къызэпича гъуэгуанэм иримыплъэж. Гур зыIэти, зыгъэнэщхъеи, егупсыс къудеймэ, нэжэгужэ къэзыщIи, и гущIэ лъащIэм щIэIэбэу зыгъэхыщIи щымащIэкъым а гъуэгуанэм. Ауэ дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри цIыхур цIыху зыщI, зыпсыхь, лъагэу зыIэт щапхъэ ирокъу. ЦIыхум и акъылыр тIысыху щыIэныгъэм зэуэ къыхимылъагъукIыфынкIи мэхъу и гъащIэм хэтахэм къыхана лъэужьыр, зэхимыщIыкIыфынкIи мэхъу абыхэм я дуней еплъыкIэм яжь къызэрыщIихуар. МылIэр лIы мэхъу, жыхуаIэращи, игъуэр къыщысым деж дэтхэнэми я псалъэр гум къыдримыдзеижынкIэ Iэмал имыIэу цIыхур щытыкIэ йоувэ, арыххэуи щэныр егъэпс, гугъупIэм къызэрикIын акъыл зэрегъэгъэзахуэ, хэкIыпIэхэр кърегъэлъыхъуэ. Апхуэдэ цIыху гъэщIэгъуэнт куэдым я гъащIэм лъэужь дахэ къыщызына ЩоджэнцIыкIу Нинэ. Зи гъащIэри зи дунейри щIэныгъэм езыта, щIалэгъуалэм я зэхэщIыкIыр къэIэтыным, дунейпсо къэухь яIэу гъэсэным гуащIафIэу телэжьа а бзылъхугъэ гъэщIэгъуэныр къытхэтыжамэ, мы махуэхэм илъэс 70 ирикъунут.**

ДУНЕЙР тIэу пкIэгъуэ тхуримыкъуу щIалэгъуалэр адыгэбзэ кафедрэм и бжэIупэм деж дызэрызехьэу дыщызыхэтт, гуфIэжу зы бзылъхугъэ къыщыдбгъэдыхьам. «Адыгэбзэм хуеджэну къыщIэтIысхьа гупыр фэра?» - жиIэри къыдэупщIащ ар. «НтIэ, дэращ», - жытIащ дэри а дызэрыхьэуэжьыуэм хуэдэу. Бзылъхугъэм и Iупэхэр нэхъри ину зэтежри, гуапэу зыкъытхуиушиящ, игъащIэкIи тщымыгъупщэжыну къыдэущиящ: «IэщIагъэ зэвгъэгъуэтыну фыкъыщIэтIысхьами, фэ къыхэфха гъуэгум, абы фыхуэпэж къудеймэ, къалэнышхуэхэр щызэфIэфхыу фрикIуэну къыфпэщылъщ. Уз гъэпщкIуа зиIэ сымаджэм къефыкIыр дохутырым зэрызэхигъэкIым хуэдэу, фызыщыщ лъэпкъым и узыфэхэм феIэзэн хуейщ, ар укъуэдияуэ щылъщи, зылъэкIым къызэфIигъэувэжын, зылъэмыкIым къызэфIигъэтIысхьэн хуейуэ хьэкъи фи пщэ къыдохуэ», - жиIащ абы. Дызыхэт бырсырыр зэрыужьыхар зэуэ къытпкърыхьат, къыхэпсэлъыкIыныр къэгъэнауэ, дызэзыгъэдаIуэм псори щым дищIат. «IэщIагъэм хуэIэижьу, еджэным хуэпсынщIэу, ныбжьэгъугъэм хуэпэжу илъэсхэр езыхьэкIын дэтхэнэ зыри фыхъуну си гуапэщ», - жиIэри тхэкIыжащ. Дыумэзэхауэ дыздэщытым, зи хьэдрыхэ фIы хъун ХьэкIуащэ Андрей къыдбгъэдыхьэри, лъэкIэ дызытет дунейм псори дыкъытришэжащ: «Ар ЩоджэнцIыкIу Нинэщ, цIыхубз гъэщIэгъуэн дыдэщ, и псалъэм фыщIэдэIу къудеймэ, жыжьэ фынэсынущ», - жиIэри. Мис апхуэдэущ а цIыху дахэр къызэрысцIыхуар, апхуэдэ дыдэущ ар си гъащIэм зэрыхэтари.

ЦIыкIуми инми фIыуэ ялъагъурт Нинэ. СыткIи удихьэхырт абы. И псалъэр, хэщыпыхьу жиIэми ярейуэ, зэкIэлъыгъэкIуат, къыщыббгъэдилъхьэкIи зыхыумыщIэнкIэ Iэмал имыIэу къапщтэрт, зэи пщымыгъупщэжыну жыIэкIи къыхуигъуэтырт. Зи щIалэгъуэхэм щхьэприх къахокI, нэгъуэщI Iуэхухэр ипэ щрагъэщ къэхъуу. Нинэ и макъ жьгъырум апхуэдэ Iэмал къыуитыртэкъым. Зытепсэлъыхьым фIыуэ упэжыжьэми, езыр ухэтам ещхьут узэрыщIигъэдэIур. ГъэщIэгъуэныращи, дызыхуригъаджэ Iуэхугъуэхэр гъащIэм щыщ щапхъэхэмкIэ щIигъэбыдыхьыжу, дызэрыхущыт е къызэрытщыхъу щIыкIэхэр зымащIэкIи къытпимыубыду апхуэдэут дерсыр къызэрыдитыр. «Зыгуэрым и еплъыкIэм ущыгъуэзэныр фIыщи, абы пэбгъэтIылъын нэгъуэщI еплъыкIэ уиIэжыныр нэхъыфIыжщ», - жиIэрейт Нинэ.

Зытет дунейр зыфIэIэфIа, псэ зыIутыр зыхилъхьэ щымыIэу зылъэгъуа ЩоджэнцIыкIу Нинэ цIыхум ягу къыщIина фIыщIэ куэд бгъэдэлъщ. НэгъуэщIым и гукъеуэр щызэхимыщIыкIа, зыщIыхуагъазэ IуэхукIэ щIэгъэкъуэн зыхуэмыхъуа щыIэу си фIэщ хъуркъым. И зэхэщIыкIым и гумащIагъыр щIыбгъужмэ, къыдалъхуауэ бгъэдэлъ акъылыр зригъэгъуэта щIэныгъэм хэплъхьэжмэ, узэрымыгъуэзэн, щхьэпэ къыпхуэмыхъун зыри жиIэртэкъым. Къебгъэжьауэ зыщIэбгъэдэIу гупсысэм, абы и зэпыгъэувэкIэ хъум емылъытауэ, и кIэм нэс гупсэхуу едэIуэнут, ущIэгузавэр и пIэм икIынуми, уи ягъэ хэлъмэ, ар уигъэлъагъужыфынут, ежьауэ кIуэ Iуэхур къызэпыуда мыхъун папщIэ, щIапхъэхэми ущигъэгъуэзэфынут. Апхуэдэ зы гукъэкIыж щыIэщи, сыхуейт абыкIэ сывдэгуэшэну.



АдыгэбзэмкIи, урысыбзэмкIи, лъэпкъ литературитIымкIи курс лэжьыгъэхэр згъэхьэзырын хуейуэ, зэманыр къызэмэщIэкIыу сыгузавэрт, игъуэм схуэмыухынкIэ шынагъэ щыIэу. Абы къищынэмыщIыжауэ, профессор Абдокъуэ Iэуес и гъусэу Дагъыстэным бзэщIэныгъэ зекIуэ дыкIуэну къытпэщылът, абы щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэм я бзэм дыщIэдэIун, я гъэпсыкIэ-зэхэлъыкIэмкIэ щIэныгъэ зэдгъэгъуэтын хуейуэ. Пщэрылъымрэ хъуапсэмрэ зэхыхьэжауэ, дэтхэнэр ипэ изгъэщынуми схузэмыгъэпэщу гукъеуэр ныбжьэгъум есхьэлIэу ЩоджэнцIыкIум зэхихащ. ЕтIуанэ махуэм сриджэри хэкIыпIэ къысхуигъуэтам сыщIэгузавэр псори и пIэ иригъэзэгъат. «Адыгэбзэр тегъэщIапIэ щIыи, щапхъэу къэпхь текстхэм я урысыбзэр ящIыгъуж, къызэрыпфIэIуэхуар къыхэщу, дэтхэнэми псалъэу къызэщIиубыдэр транскрипцэ щIы. Къэпщта Iуэхугъуэм псалъэм и зэгъэпэщыкIэр курых хуэщIи, лъэпкъ литературитIым щыщ тхыгъэхэр зэпкърых. ДерсиплIыми зэдай яхуэпщI хъуну зы фIэщыгъэ къыхэх. Апхуэдэу уи къалэныр зэщIа хъунущ, узыщIэхъуэпс зекIуэми уакъыкIэрыхунукъым», - къызжиIащ Нинэ. КъэпщытакIуэ гупым я пащхьэ ислъхьа лэжьыгъэр зыхуей хуэзауэ къалъытэри, дерсиплIымкIи си хьэкъ згъэзэщIауэ къалъытэгъат. Пщэрылъым и мыхьэнэри къызыгурыIуэ, щIалэгъуэ хъуапсэми пщIэ хуэзыщI цIыхум апхуэдэ щIыкIэкIэ вакъэ зэв сыкъришыгъауэ щытащ.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ЩоджэнцIыкIу Нинэ щIэныгъэшхуэ иIащ. Еши щхьэхи имыщIэу щIэ гуэр къэзылъыхъуэ, зэпымычу щIэупщIэ, зы Iуэхугъуэр нэрынэ-нэрынэу зэрызыгъэкI ЩоджэнцIыкIум махуэр пщIэншэу кIуауэ къилъытэнут, зы щIэщыгъуэ гуэр зэхимыхамэ е къимытIэщIамэ. ЦIыхугъэм ирит лъапIэныгъэрауэ къыщIэкIынущ абы и къэхутэныгъэхэр цIыхум и дуней лъагъукIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къыщIигъэщу, зэхущытыкIэхэм хэлъ хьэлэмэтхэр къигъэнахуэу литературэхэр, псом хуэмыдэу Америкэм и литературэ хъугъуэфIыгъуэхэр, щIиджыкIыу икIи зригъащIэу щIыщытар. Зыпэрыт IэнатIэм гуащIафIэу зэрыпэрытым къыхэкIащ Нинэ Урысейм ит еджапIэ нэхъыщхьэхэм щылажьэ, Америкэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ фIыуэ зылъагъухэм я Зэгухьэныгъэм зэрырагъэблэгъар, Сорос Джордж и цIэр зезыхьэ саугъэтым и лауреат тIэунейрэ зэрыхъуар.

Ныбжь дахэр зыгъэмэхуэщIыну хунэмыса ЩоджэнцIыкIу Нинэ и цIыкIущхьэм къыщегъэжьауэ дуней хьэлэмэт хэту екIуэкIащ. А дунейм псалъэр фIыуэ щалъагъурт, пщIэ щыхуащIырт, абы и зэпыщэкIэмрэ зэпыщIэкIэмрэ гулъытэ хэха щигъуэтырт. Налшык къалэ 1953 гъэм къыщалъхуа Нинэ адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа ЩоджэнцIыкIу Iэдэм ипхъущ. И анэр, Лиуазэ, тхакIуэ Теунэ Хьэчим и шыпхъут. ЩоджэнцIыкIухэ я унагъуэр КIуащ БетIал, Щомахуэ Амырхъан, Шортэн Аскэрбий, Акъсырэ Залымхъан, нэгъуэщIхэми я кIуапIэт. Дауи, зэрыгурыIуэгъуэщи, ахэр зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу зэхьэлIар псэкупсэ дунейрт, зэрагъэзахуэри псалъэм къыкIуэцIыкIынкIэ хъуну купщIэрат. Арыххэуи, Нинэ и гъащIэр тхылъыр фIыуэ зылъагъу, ар зи дунейм гуэх имыIэу епха цIыхухэм я деж къыщригъэжьащ.

Нинэ зэрысабийрэ гумызагъэт, зи ужь ихьам и зэфIэхыпIэ хъунур къимыгъуэтауэ увыIэнутэкъым. «ЛъэныкъуэкIэ къаплъэм зэшыпхъуитIым тепыIэгъуэ димыIэу дыкъилъагъумэ, апхуэдэ щэн къытхэзылъхьар ди анэрщ. Унэ Iуэхур цIыхубз къалэнти, зэпэщ мыхъуауэ дригъэтIысэхынутэкъым, еджэныр ди къэкIуэнур зэпха Iуэхути, дытригъэхьэулеикIынутэкъым», - игу къигъэкIыжырт Нинэ. Абы япэ лъэбакъуэхэр щичари, пэублэ щIэныгъэр щызригъэгъуэтари, ехъулIэныгъэфIхэр иIэу къиухари Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №2-ращ. ЕджэхункIи Нинэ литературэмрэ тхыдэмрэ япищI щымыIэу, къыIэрыхьэр щIиджыкIыу екIуэкIащ. Къыщиухми, здэкIуэнур хьэкъыу ищIэу, и гъащIэр зрипхынумкIэ гупсысапIэ имыIэу КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. ЩоджэнцIыкIум и цIыху щIыкIэмрэ и гупсысэкIэмрэ яхуэмыухыу фIы дыдэу еджащ, хъарзынэ дыдэуи университетыр 1975 гъэм къиухащ. Нинэ филологие дунейм щыщу зытхьэкъуар хамэ къэрал литературэращ. АбыкIэ гъуазэ хуэхъуари Пипинс Владиславт. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэми, абы къыкIэлъыкIуэ илъэсхэми Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и къэрал институтым литературэр щезыгъэджу щыта а цIыху хьэлэмэтыр зи лэжьыгъэм гурэ псэкIэ бгъэдэт, гуапагъэр зэбэкI IэщIагъэлIт. Арауэ жыпIэ хъунущ ЩоджэнцIыкIур хамэ къэрал литературэм дезыгъэхьэхар. Нинэ и диплом лэжьыгъэр Вульф Томас и IэдакъэщIэкIхэм ятриухуат. А къэхутэныгъэр апхуэдизкIэ ину икIи кууэ къалъытати, Горький Максим и цIэр зезыхьэ, дунейпсо литературэмкIэ институтым и аспирантурэм 1980 гъэм щыщIэтIысхьэм, зригъэубгъуну къалэн къыщащIыжри, и кандидат лэжьыгъэр трырагъэухуэжауэ щытащ. 1979 гъэм ЩоджэнцIыкIу Нинэ КъБКъУ-м, хамэ къэрал литературэмкIэ щыIэ кафедрэм, лэжьэн щыщIедзэ, япэщIыкIэ ассистенту, итIанэ доценту. Лажьэурэ, 1996 гъэм къыкIэлъыкIуэ и диссертацэр пхегъэкIри, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор мэхъу, илъэситI докIри, 1998 гъэм, профессор цIэри къыфIащ. Къыхэгъэщын хуейщ доктор диссертацэм - «XIX - XX лIэщIыгъуэхэм америкэ прозэм щыIэныгъэм и пэжыр къызэрыщыIуэта щIыкIэр» зи фIэщыгъэ лэжьыгъэшхуэр - гъащIэмрэ литературэмрэ я зэпыщIапIэр къэзыIуатэ псалъэ зэгъэпэщам зэхэщIыкIым зиужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы ижь жылагъуэ зэхэтыкIэм зэрыщIихур ЩоджэнцIыкIум къызэрыщихутар.

ЩоджэнцIыкIу Нинэ КъБКъУ-м хамэ къэрал литературэмкIэ и кафедрэм илъэс 30-кIэ щылэжьащ. А далэм къриубыдэу зыми илъэгъуакъым ар цIыхуншэ щыхъуа. Нинэ чэнджэщакIуэуи лъагъунлъагъууи куэд дыдэ къыхуэкIуэрт, езыри щIэх-щIэхыурэ IуэхукIэ ежьэрт, хьэщIапIэ кIуэрт, щIэнIуатэхэм хыхьэрт. Ар щIыпIэ жыжьэхэм зэрыщыIар, телъыджэхэр зэрилъэгъуар икIи зэрызэхихар къыщыпщIэр махуэ бжыгъэкIэ умылъэгъуауэ ущрихьэлIэ къудейратэкъым, «Нинэ къоджэ, жиIэр зэрыптхэн дэфтэр пIыгъыу укIуэну къеIуэху» жаIэу ущызэхуишэсырат. КъБКъУ-м и къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэс щIалэгъуалэр дыкъызэригъэтIысэкIырти, щхьэж и Iуэху зыIутыр зригъэщIа нэужь, мыпхуэдэр слъэгъуащ, мыпхуэдэр зэхэсхащ, жиIэу узыхуэныкъуэ IуэухмкIэ уасэ зимыIэ гупсысэхэр къыбжиIэрт. ЩIыпIэ жыжьэхэм кърихауэ сыт хуэдиз тхылъ купщIафIэ куэдкIэ къыдэта ар?! ЩIэныгъэр пфIэфIу, зыгуэр къэпхутэну ухуейуэ ищIэ къудеймэ, и псэр уигъэшхынут, лъэкIымкIэ зыкъыпщIигъэкъуэнут. Псэухуи апхуэдэу щытащ Нинэ.

Iуэхум хуиIэ бгъэдыхьэкIэм абы студентхэр малъхъэдисым хуэдэу кърищалIэрт. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, Нинэ щылэжьа илъэсхэрщ студентхэм хамэ къэрал литературэмкIэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд щащIар. ЩоджэнцIыкIум хузэфIэкIырт зы тхыгъэм ещIылIауэ лэжьыгъипщI и гъэсэнхэм яригъэгъэхьэзырын, ар къыдэлажьэхэм телъыджэлажьэ къащыхъуу студент щIэнIуатэхэм я утыкум кърихьэн. ФIыуэ къэзылъагъу и студентхэм я жэрдэмщ Нинэрэ и лэжьэгъуу щыта, профессор Смирновэ Натальерэ Мэлбахъуэ Тиморэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм деж «Александрия» зи фIэщыгъэ тхылъаджэ клубыр къыщIыщызрагъэпэщари. Iэджэ уэршэр хьэлэмэти щемыкIуэкIарэ абдеж...

ЩоджэнцIыкIум цIыхукIэ зэрызимыгъэнщIым, дэтхэнэми и Iуэху зытетыр зригъэщIэну зэрыхущIэкъум хуэдэу, ахэр къызыхэкIа дунейм щекIуэкIхэри къихутэрт. Нинэ хамэ къэрал литературэр джыным зритами, зыщыщ лъэпкъым и псэкупсэ къэгъэщIыгъэхэми хуэнэхъуеиншэт, гукIэ хуэкъабзэт. Абы фIыуэ къыгурыIуэрт лъэпкъ щIэжым и щыIэныгъэр псалъэмрэ гъуазджэмрэ зыкъомкIэ зэрелъытар, а тIур щызэпыщIа Iуэхум и пщIэри къэIэтын зэрыхуейр. Абы и лъэныкъуэкIэ Нинэ гъунапкъэ зимыIэ гузэхэщIэ зэриIэр, адыгэ дунейр щIы хъурейм щыпсэу лъэпкъхэм я дунейм къызэрыщхьэщыкI щхьэхуэныгъэ гуэрхэр иIэми, нэрымылъагъу къуэпсыбэкIэ зэрызэпыщIар «Текстым и дурэшплIэрэшхэр» («Лабиринты текста») жыхуиIэ лэжьыгъэшхуэм къыщигъэлъэгъуащ. Тхылъым и япэ Iыхьэм Нинэ хамэ къэрал литературэм нэхъыщхьэу къыщалъытэ Iуэхугъуэ зыбжанэ (фантастикэм ехьэлIа пкъыгъуэхэр, утопиер, антиутопиер) щызэпкърех, Адамс Генри, Твен Марк, Торо Генри, Манн Томас сымэ я IэдакъэщIэкIхэр щызэпкърех. ЕтIуанэ Iыхьэм набдзэгубдзаплъэу щыпхроплъ Къанкъул Заур, Къаныкъуэ Заринэ, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Ацкъан Руслан, Емкъуж Мухьэмэд сымэ я къалэмыпэ къыщIэкIа тхыгъэхэм. Псом хуэмыдэу ЩоджэнцIыкIум и къэхутэныгъэ шыбзэм щIегъэкI дунейм пасэу ехыжа Къанкъул Заур и «Къалэм дэгъуэщыхьа» повестыр. ЩоджэнцIыкIум мыпхуэдэу етх: «Заур, ныбжьыщIэхэм я IуэхущIафэхэр къигъэлъагъуэ хуэдэурэ, лъэпкъ псом и тхыдэр къызэриIуэтэн Iэмал гъуэзэджэ къигъуэтащ. БлэкIа гъащIэмрэ нобэмрэ щызэIэпэгъу, уи нэм къыIуидзэ дунеймрэ игъащIэм щымыIамрэ быдэу щызэрыIыгъ, символ дыкъуакъуэхэри, мифым и пкъыгъуэхэри, пщIыхьэпIэри, нэкъыфIэщIри, къалэ псэукIэ мыгурыхьри, лъэпкъым и блэкIа уардэм и нэпкъыжьэ кIуэдыжхэри... а псори щызэхэхуэжу, зыуэ щызэрыубыдыж, куэду зэхэухуэна тхыгъэ купщIафIэщ повестыр». Мы лъагъукIэр Нинэ хелъагъуэ иужьрей илъэсипщIым лъэпкъ литературэм къыхыхьа ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIым, абыхэм лъэпкъ гупсысэр къызэрагъэушынуми шэч къытрихьэркъым.

Нобэ къытхэмытыж цIыхубз гуащIафIэр и псэр къабзэу дунейм тетащ. Сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэми фIы гуэр къыхигъуатэрт, ар апхуэдэу щIэхъуам щIэщхъу хэлъу фIэкIа, бзаджагъэм къыхэкIынкIэ Iэмал имыIауэ игъэуву. Мы дызытет дунейм щхьэпрыплъу адэкIэ щыIэр зригъэщIэну хущIэкъу цIыхут ар. Дунейпсо литературэмрэ лъэпкъыбэ IуэрыIуатэмрэ зэщхьу къахэхуэ мотивхэр зэригъапщэурэ, лъабжьэм нэсауэ къыщилъытэм деж, и гупсысэр зыхуэкIуар яригъэгъэщIэгъуэну сабийм хуэдэу и ныбжьэгъухэм яжриIэрт. Псалъэ зэгъэпэщар гъащIэу къилъытэ къудей мыхъуу, а псалъэ зэгъэпэщам и купщIэм хэтут зэрыпсэур. Дыщеджи, еджапIэр къэдухыу щхьэж и гъуэгу дыщытехьэжаи зэи дигъэгъуэщакъым, уи щхьэр лъагэу уигъэлъагъужу дэнэ щIыпIэ дежи къыщыпщIэупщIэрт.

ГъащIэр лIэужьхэр щызэблэкI, жэщи махуи щыджэгу утыкущ. Абы пIалъэкIэ укъытохьэри, игъуэр къыщысым деж утокIыж. Зы закъуэщ къытебнэр - гукъэкIыжщ. Ныбжьэгъу пэжу ди япэ ита цIыху дахэм къигъэна гукъэкIыжхэр псалъэм и IэфIыр зыхэзыщIэ дэтхэнэми гъащIэм и утыкум нэрылъагъу щищIу екIуэкIынущ, арыххэурэ и фэеплъ нэхур мыкIуасэу блэнущ. Дыхуэарэзыщ, Тхьэм жэнэткIэ игъэгуфIэ!

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*



**Щомахуэ Залинэ Хьэзрэт и пхъур Тэрч щIыналъэм хыхьэ Инарыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. 2011 гъэм КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и къудамэр къиухащ. Сабийхэми балигъхэми яхуотхэ. «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Минги Тау», «Архивы и общество», «Вайнах», «Дарьял», «Жылэ» журналхэм и литературэ тхыгъэхэр къытехуащ.**

**Щомахуэм и Iуэтэжхэр хагъэхьащ «Тепло наших сердец» (2022 гъэ), «Время слова» (2022 гъэ), «КъудамэщIэ» (2009 гъэ), «Шыхулъагъуэм и вагъуэхэр» (2011 гъэ) тхылъхэм. 2014 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм дунейм къыщытехьащ «Мадоннэ» зыфIища и япэ тхылъыр.**

**2012 гъэм щыщIэдзауэ Щомахуэ Залинэ «Адыгэ псалъэ» газетым щолажьэ.**

**Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.**

**2013 гъэм Щомахуэм «Лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр» проектыр «Мэшыкъуэ» щIалэгъуалэ зэхыхьэм щыпхигъэкIри, КъБР-м щигъэзэщIащ. А илъэсым Залинэ «Адыгэ пщащэ» дунейпсо зэпеуэм Япэ вице-мисс щыхъуащ.**

**Ирагъэблагъэурэ зыбжанэрэ ар хэтащ Кавказ Ищхъэрэм и тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэхыхьэхэм. 2019 гъэм абы къыхуагъэфэщащ ТхакIуэ ныбжьыщIэхэм я дунейпсо зэхыхьэу Москва щекIуэкIым хэтыну.**

**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм деж щыIэ ЩIалэгъуалэ зэхыхьэм щыщIидзащ Щомахуэм и жылагъуэ лэжьыгъэри (2017 гъэ). 2019 гъэм ар Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хагъэхьащ.**

**Илъэсит1 хъуауэ ДАХ-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIщ, «Къэбэрдей Адыгэ Хасэм» жэуап зыхь и секретарщ.**

**Нобэ къыщалъхуа махуэмкIэ ди лэжьэгъу Щомахуэ Залинэ дохъуэхъу икIи IэдакъэщIэкIхэм ящыщ фи пащхьэ идолъхьэ.**

# Си хъуреягъым я псэ

МАХУЭ гуэрым джабэм сыкIэрыту, сыплъэмэ - телъыджэ гуэрым зигъэщIэгъуэжу жьым хосыхь. Сыбгъэдыхьэмэ, ипэкIэ зэи сымылъэгъуа удз лъэдий псыгъуэ дэкIеярэ а и кIыхьагъ псоми гъэгъа къащхъуэр тезу солъагъу. Зэгуэр мы джабэм щыслъэгъуа дахагъэ псори сщигъэгъупщэжат. Апхуэдэу къыщIэкIынщ цIыхухэм лъагъуныгъэ зэращIри. Си щхьэр кIэрэхъуащ а удзым есщIэнур сымыщIэу, и лъэдийм си Iэр хуэсхьурэ тIо-щэ къыIусхыжащ. Къисчу, унэм схьами хъунут, ауэ итIанэ а удз лъэпкъыр джабэм фIэзгъэкIуэдынут, къизмычщи, а сэ слъэгъуа тхьэIухудым ди анэр щызмыгъэгуфIыкIмэ - сыкъелынутэкъым. ИтIанэ, зыгуэрым къызжиIа хуэдэ, си тхьэкIумэм къиIуащ «Удзыр къыхэтIыкI, къыхэтIыыыкI...» . Абы езым си щхьэр зэрыхуэмыкIуам сриукIытэжу башыр къэзгъэсэбэпурэ удзыр къыхэстIыкIащ. Пэжым ухуеймэ, лъабжьэшхуи къысхухэтIыкIатэкъым (гъэмахуэ уэгъум игъэгъуа щIыр быдэ дыдэу зэрыIыгът), ауэ лъэхъыц кIапэлъапэ гуэрхэр пIийрт. Си анэм удзыр илъагъумэ щабэу зэрыпыгуфIыкIынур, ар зэм и гум, зэми и нэкIум хуихьыурэ зэрепэмынур си нэгу къыщIэзгъэхьэрэ сыкъэкIуэжащ. Сыщыуатэкъым. Си анэр сэ сцIыхужтэкъэ! «Сыту фIыуэ уигу къэкIа ар къыхэптIыкIыну. Хьыи, бжэIупэм деж гъэтIыс, моуэ нэхъ лъагъупIэм», - къыщызжиIэм, сегугъупэурэ удзыр хэссэри, псы тIэкIуи щIэскIащ. Ар япэу згъэтIыса си удзт. А махуэм щыщIэдзауи си къалэным къыхэхъуат. Иджы а удзми псы щIэскIэрт. ЩIэскIами сыхущIегъуэжакъым. Къызэрыщ1экIамкIэ, а удзми псэрэ зэхэщIыкIрэ иIэт, езыми игу къыскIэрыпщIауэ гурыщхъуэ сщIат. Ди пщIантIэдэс зэрыхъурэ етIуанэ илъэсым щегъэжьауэ си анэр къыщалъхуа махуэм и пщэдджыжьым гъэгъэн щIидзат. Япэ илъэсми етIуанэми, удзым и гъэгъэгъуэр а махуэм ирихьэлIэ къытфIэщIри, ди гуапэ зэрыхъуам фIэкIакъым, ауэ апхуэдэу илъэсипщIым щIигъукIэ екIуэкIащ. Гъэр уэшхрилэ щыхъуи е щыдыгъафIи, удзым и гулъхэр а пщэдджыжьырт щызэкIуэцIихыр, уэлбанэу нэху къекIами, ар гуфIэжу пщэдджыжьым къытIуплъэрт.

Зи чэзу гъатхэр къыщытхыхьэм, си анэр къыщалъхуа махуэр Iэтауэ дгъэлъэпIэну тедухуат. Ди гурыфIыгъуэм зэран хуэхъун хуэди щыIэтэкъым, а махуэм и пщэдджьым зэрихабзэу, ди удзым зыкърихыу гъэгъат, дэри зэшищ я хьэгъуэлIыгъуэ дэзыхын хуэдиз ерыскъы къэдгъэхьэзырат, ауэ... Ауэ, си анэм и анэр а пщэдджыжьым дунейм зэрехыжам и хъыбар гуауэм ди лъэр щIигъэщIэжащ.

Анэхэри зеиншэ зэрыхъур а пщэдджыжьым зыхэсщIащ сэ. Си анэшхуэр дунейм зэрехыжам сэри сригуIэрт, сыту жыпIэмэ, анэшхуэуи адэшхуэуи а зырат сэ зи IэфIагъ зыхэсщIар. Ауэ сытми цIыхубзт ар езыр! МелыIыч пэлъытэт си дежкIэ. ИужькIэщ сэ къыщысщIар абы и дуней тетыкIэр и уэркъылъым куэдкIэ зэрифIыщIэр. Пэжщ, зы цIыху гъащIэ къипсэуат абы, ауэ цIыхум и ныбжьыр кIуэтэхукIэ нэхъ гупыкIыгъуафIэ хъуурэ къэзылъытэр хэтми щоуэ, нэхъыбэрэ уиIэ цIыхур нэхъыфIыжу плъагъуу аркъудейщ.

Абы щегъэжьауэ си анэм къыщалъхуа махуэр игъэлъэпIэн идэжакъым.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым мамэ и удзыр гъэгъэн къэгъэнауэ, къэкIыжыххакъым... Сэ итIанэщ къыщызгурыIуар си хъуреягъым псэ хэзылъхьэу щытар си анэр зэрыарар...

# Дыгъужьым имыгъэгъуар

*Новеллэ*

Нэху къыщекIам махуэр нэщхъейт, дуней псор дыгъужьым и гузэвэгъуэм дэгуIэ нэхъей. IэфIу жей и шырыр гъуэм кърин эри, езыр аргуэру ежьащ, и лъакъуэр илъэфу. Къапхъэн темыувэным хуабжьу хуэсакъыурэ макIуэ. Нэсрэ плъэмэ - гуIэгъуэт! Дыгъужь анэр ягъэIэсэну, унэхьэ ящIыну гъущI кIапсэкIэ ирапхауэ кIэрытщ. Тепщэч гуэрым лы тIэкIуи илъу къыбгъэдэтщ. Арат дыгъужь анэр псом нэхърэ нэхъ зыщышынэри, ар къэхъуат, гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ, жыхуаIэрати. ЙотIысэхри, щабэрыкIуэу абы бгъэдопщхьэ, зэрепха кIапсэр зэпишхыкIыну хэтщ, ауэ, бетэмал, быдэIуэщи, пэлъэщыркъым.

- Си псэфылъэм къеIи, си псэр зэуэ хэх! - мэлъаIуэ дыгъужь анэр.

- А уэ уи пIэм итын хуеяр сэращ, сэращ а псор зи лажьэр, сыIукIынукъым укъезмыгъэутIыпщауэ, хуейми сраукI!

Абы хэту, мэлыхъуэхэр къыщIокI.

- КIуэж, псынщIэу, закъыумыгъэлъагъу!

- СыIукIынукъым, сраукI!

- ТIури даукIмэ, ди бын закъуэр-щэ? Мы тепщэчкIэ къагъэувa лыр абы хуэхьи егъэшх, лIэ хъунщ шхын щхьэкIэ.

Дыгъужь адэр мэз Iувым холъэдэж, адрейри абы кIэлъоплъ, и нэпсыр къыщIэжу. Йохъуапсэ абы и щхьэхуитыныгъэм, ар здэкIуэж я къуэм деж езыри кIуэжыну, абы телъэщIыхьыну, дэджэгуну хуейщ, ауэ и пщэр фIитхъыу гъущI кIапсэр илъщи, екъумэ, итхьэлэу щIедзэри къыжьэдекъуэж. Махуэр зэрыкIуам гу лъимытэурэ, жэщ хъуащ. Жэщу щытакъэ ар кIэрыпхауэ зэрыщыта махуитIри! Абы ещIэ цIыхухэм я мурадыр - ягъэIэсэу езым хуэдэхэм пагъэувыжыну аращ. УлIэмэ, нэхъыфIщ, абы нэхърэ! Псори зэпишэчщ, зэпилъытри, лIэныгъэм нэхъ хэкIыпIэфI щимыгъуэтым, кIапсэ зэрепхамкIэ зитхьэлэжащ. Пщэдджыжьым къакIуэу ар зылъэгъуа и щхьэгъусэм сыт ищIэжынт, ауэ къуаншагъэр зыбгъэдэлъыр езыхэр арауэ зэрыщытыр къыгурыIуэжри, гущIэм зыкъыдигъазэу мэз псор къигъэпсалъэу ину дэкъугъеящ.

Сыт щыгъуи шхэн зыфIэфI и шырым и закъуэу къыбгъэдэна дыгъужьыр махуэ гуэрым хъуакIуэщакIуэ ежьащ, зыгуэр къигъэхьэрычэтыну. Ар IущIащ и унагъуэр зытекIуэда а мэл хъушэ дыдэм. Зыми еIусакъым. Ауэ, къызыхэкIари имыщIэу, и гур къикIэзызыкIащ. И гум щIыIэщIыIэу къэкIащ: гугъуехь лъэпкъ тримыгъэкIуадэу шхэн зыфIэфI и къуэр мэлыхъуэ - бзаджэхэм лыкIэ къыдахьэхыу, езыхэр зэрыхуейм хуэдэу, ягъасэу, дыгъужь лъэпкъым къыпагъэувыжынкIэ хъунущ!

А узыщышынэращ сыт щыгъуи къыпщыщIыр. Дыгъужь шырыр зэгуэр ежьауэ лым и мэ гуакIуэр къыIурыуэри, мэл щагъавэ пщыIэм техьащ. Мэлыхъуэхэр зыхуейххэр арати, дыгъужьыр яубыдащ. Абы япэщIыкIэ къаIэщIэкIыжын мурад иIащ, ауэ мэлылкIэ къагъашхэу щыщIадзэм, цIыхухэм ныбжьэгъу яхуэхъуащ.

Махуэ зыбжанэкIэ къилъыхъуащ адэм и къуэр, адэкIэ хуэмыхьыжу, и лъакъуэр щIэщIэу зэретIысэхыу, абы игу къэкIыжащ мэлыхъуэ пщыIэр. Къарууэ иIэр къызэщIекъуэжри, абы макIуэ. Нэсрэ плъэмэ - арат. И къуэр кIапсэ кIыхькIэ епхауэ кIэрытт, арэзыпсрэ цIыху къыбгъэдыхьэу къедэхащIэхэм ядэджэгуу. Адэм ар шэуэ къытехуащ.

- Мы пщIэ хьэдэгъуэдахэр сыт зищIысыр, - жиIащ абы, цIыхур зэтеуа нэужь, бгъэдэлъадэри. - Мы кIапсэ узэрепхар сэ схузэпышхыкIынущ, накIуэ псынщIэу!

- Гугъу зумыгъэхь, ди адэ, сэ мыбы сыщотынш, пщэдей сыт сшхыну жысIэркъым, псори си хьэзырщ.

- УкIэрыпхауэ узэрыкIэрытырщэ? Дэ дыдыгъужьщ, унэхьэ дыхъуакъым, щхьэхуитыныгъэращ дыкъызыхуигъэщIар. Уи анэри псэуфынут уэ зэрыжыпIэм хуэдэу тхъэжу, ауэ абы нэхърэ зиукIыжыныр нэхъ къищтащ. Уэ уи анэри уи къуэшхэри зыукIа ди бийм ухуэлэжьэнущ - уепцIыжакIуэщ!

- Си анэр делэт. Ныбэр къэблагъэмэ, благъэр пщегъэгъупщэ, жаIэу зэхэпха уэ! Уэ махуэ псом къэбджэдыхьрэ зы дзыгъуэ фIэкIа умыгъуэту, ара гъащIэр? СкIэрыкI, сэ мыбы сыщыIэнущ!

А псалъэхэр зэрызэхихыу, дыгъужьыр къызокIуэкI, Iэл къохъури щынэ, мэз бжэнхэр зэриукIым ещхьу, и псэфылъэм йоIэ. Абы и кIий макъым мэлыхъуэхэр къегъэпхъэр, фочхэр яIыгъыу къызэрыщIохри дыгъужьым шэпхъыр къытрагъэлъалъэ, ауэ и къуэм и псэфылъэр иутIыпщыркъым, и псэр хихыху. ИтIанэ ещIэкъуауэу и щхьэр Iуехыж.

- ФымыгъакIуэ, феуэ! - мэкIий цIыхухэр, я фочхэм шэуэ илъыр траунащIэ.

- Сыпсэууи сылIауи сэ фэ зыфIэрызгъэхьэнкъым! - жеIэри дыгъужьыр зэ къахуоплъэкIыж, ар ину, гуузу мэкъугъ, имыIэж и унагъуэм зыхригъэхыну хэт нэхъей. ИтIанэ бгым йолъэри, нэри пэри ихьу еукIуриех къуршыпс уэрышхуэм зыхедзэж. СыткIэ хуеижт иджы ар гъащIэ?..

Я унагъуэм къихъуа гуфIэгъуэм триIэтыкIырт дыгъужь анэри, дыгъужь адэри - шыр цIыкIуищ зэуэ яIэ хъуат! Абыхэм я кIий макъым я гур фIы ищIырт. Дыгъужь адэр апхуэдизкIэ гуфIэщати, дыгъужь анэм и гур нэхъри зэрыхигъэхъуэнур имыщIэу, жэщ, мыжыжьащэу щыхъуакIуэ мэл хъушэм къыхиудщ зы щынэ пшэр цIыкIуи, къыхуихьащ. Дыгъужь анэм ар ишхри, лъыр шыр цIыкIухэм я пэм, я Iупэм щихуэжащ - ерыскъыгъуэу къахуигъэщIам я нэхъыфIым и мэр абыхэм егъэцIыхун хуейт!

Пщэдджыжьым жьыуэ мэзышхуэм хыхьауэ дыгъэм щымысхьыжу гуапагъэрэ хуабагъэрэ егуэш, гъуэ куум исхэми - гуныкъуэгъуэ лъэпкъ зимыIэ анэми абы и бгъафэм щIэлъхэми ар зыхащIэ. Я адэр ежьауэ мэз хуитышхуэм щIэтщ, мэмэжалIэ, и гур пихыу щIидзэмэ, удз тIэкIу ешх, жыг пхъафэр третхъри, хьэпIацIэ къыдех. Зы дзыгъуэ къиубыдащи, егъэтIыгъуэ. Щосхь, быныр зыгъэшхэн хуей анэм хуихьынущи. Апхуэдэурэ, тхьэмахуэ - тхьэмахуитI дэкIа нэужь, шыр цIыкIухэр къожэпхъ, гъуэ кIыфIым изэшыхьу хуожьэ. Махуэ гуэрым мэлыхъуэхэм абыхэм гу къылъатэри, я хьэхэр кърауштт, шыр цIыкIуитIыр къатхьэлэ. Ещанэр яIэщIокI. Абы и гурыгъузым ихьурэ, махуищкIэ шхакъым унагъуэр.

Дыгъужь шыр къэнар и къуэшхэм емыщхьу угъурсызт, и ади и ани къридзэртэкъым, щхьэхуещэт. Хьэлэчуи ныбаблэт. Езыри иджы къыдэкIуэтеяти, анэ быдзышэр ирикъуртэкъым. Мыпхуэдэ ныбжьым нэсамэ, дыгъужьым езым и щхьэр зэрипIыжыным хэтын, хъуакIуэщакIуэу щIидзэн хуейт. Ауэ мыбы гугъу зригъэхьынутэкъым, къэзылъхуахэм щыгугъыу щыст. Мыдрейхэри я псэ дыдэм еблэжыртэкъым, ар зыми щымыщIэн щхьэкIэ. Езыхэр лIэми ядэрт, къахуэнэжа я бын закъуэм зыхуейр игъуэтмэ. Апхуэдэурэ щагъэкIат. Адэр хуейт и къуэ закъуэр сытми хуэIэзэу щытыну, игъэсэнкIи лъэкI къигъанэртэкъым, ауэ зыри къикIыртэкъым. Зэ зы дзыгъуэ къыхуиубыдри IэщIилъхьати, аркъудейр, илIу хуэмышхыу, зыIэщIигъэкIыжащ! АрщхьэкIэ, дауэ щымытми, быныр бынт. Ар мэжалIэ щыхъум, дыгъужь адэр йожьэ зэуэса мэл гуартэм хэуэну. МакIуэ, къуацэми чыцэми кIуэцIрыпщу, зыблэкIхэри щIы зытеувэри и нэм имылъагъуу. АрщхьэкIэ щIэщхъу къыщощI. Къуацэ щылъым щыхэбакъуэм, абы щыгъэпщкIуа къапхъэным и лъакъуэр деубыдэ.

Дыгъужьыр мэкъугъ гуузу. Зэрымысакъам папщIэ и щхьэр фIеудыж, и шырыр зэрымэжалIэр и гум хуигъэхуркъым. Абы и къугъ макъыр дыгъужь анэм зэхихащи, мэгузавэ, къокIуэкIнокIуэкI. ИтIанэ и щхьэгъусэр къыщыкъугъ лъэныкъуэмкIэ макIуэ. Мэлыхъуэ пщыIэм носри, зеплъыхь, зыри илъагъуркъым. Абы ирихьэлIэу, мэлыхъуэхэм гу лъатэ дыгъужь къугъым. Нэхъ гъунэгъуу щыIэ щхьэгъусэм абы нэхърэ нэхъ Iеижу дэкъугъуейуэ зреч, закърегъащIэри, къапхъэным зи лъакъуэр диубыдам щхьэщеш мэлыхъуэхэр. АрщхьэкIэ, куэд имыкIуу ари дыгъужь къапхъэным еубыдри гуузу къугъыу щIедзэ. Ар щызэхихым, мыдрейм къапхъэным дэлъ и лъэтхьэмпэр дзэкIэ пешхыкIыжри, хуит зыкъещIыж.

- СынокIуэ сэ, тIэкIу зыхуэгъэшэчыж, дэнэкIэ уздэщыIэр, цIыху куэд щыт абыкIэ? - йокIий и щхьэгъусэм.

- УкъэмыкIуэ, сынолъэIу, къытхуэна ди сабий закъуэм и хьэтыркIэ, мыхэр куэд мэхъу. Фочи яIыгъщ. КIуэж, сэри жэщ зэрыхъуу зыгуэрурэ саныIэщIэкIыжынщ.

Лъы къызыпыж и лъакъуэр илъэфу дыгъужь адэр и гъуэм мэкIуэж. Анэр здэщыIэмкIэ, шхын къыщIимыхьамкIэ шырыр еупщIа щхьэкIэ, абы жэуап иритакъым. И уIэгъэм ебзейщ, лъыр, зэрыхъукIэ игъэувыIэри, и щхьэгъусэр къызэрыригъэлынум егупсысу гъуэлъыжащ.






• Интернетым дыкъыщоджэ

## ШабзитI

Шабзэр игъэIэрыхуэфу зызыгъасэ щIалэ цIыкIум шабзитI къиштэри, лэжьыгъэм пэрыуващ. Арщхьэкlэ, и гъэсакlуэм зы шабзэр къыIихри, лъэныкъуэкlэ lуихащ.

- ЕтIуанэ шабзэр щхьэ къысIыпха? - щIоупщIэ щIалэ цIыкIур.

- Сэ къыпIысхар етIуанэракъым, атIэ япэ шабзэрщ. Сыту жыпIэмэ, япэ шабзэр тIум щыгъуэми пхутегъэхуэнутэкъым.

- Сыт щхьэкIэ?

- Иджыри зы Iэмал уээриIэм ущыгугъыурэ, япэр къыпхуэгъэсэбэпынутэкъым.

## Жэуап

ГъуэгурыкIуэр мэлыхъуэм еупщIащ:

- Нобэ махуэм и щытыкIэнур сыт хуэдэу пIэрэ?

- Сэ сфIэфIым хуэдэнущ! – жиIащ мэлыхъуэм.

-Дэнэ щыпщIэрэ ар пфIэфIынрэ пфIэмыфIынрэ?

- Уигу ирихь псори гъащIэм зэуэ къуэзэримытыр къызгурыIуа нэужь, сиIэмрэ слъагъумрэ фIыуэ слъагъуу зезгъэсащ. Сэ шэч къытесхьэркъым, дунейм нобэ сыт хуэдэу зызэрихъуэкIми, ар сигу зэрыдыхьэнум!



# ХьэлIамэ-кIупIинэ

Нартыху хьэжыгъэкIэ япща тхьэвым я Iэр псы щIыIэм хащIэурэ хьэтыкъ хуэдизурэ тхьэв тыкъыр къыпач, топ цIыкIу хуэдэурэ ягъэджэрэзри, абы и кум хуэзэу кумб хуащI, джэдыкIэ ихуэн хуэдэу, шыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэм халъхьэри, хьэзыр хъуху ягъавэ. ЧымчыркIэ къыхахыжри, псы щIыIэ щIагъэж. ХьэлIамэ-кIупIинэм и кум джэдыкIэ ивыкIа укъэбза иралъхьэ, шыгъу трагъэщэщэжри хуабэу яшх. Шэ, шатэ дашх. ХьэлIамэ-кIупIинэр нэхъ зыхуагъэхьэзырыр цIыкIухэрат. ХьэлIамэ-кIупIинэм джэдыкIэ гъэва и гъусэмэ, дияуэ яшхыркъым, джэшщхьэбжь уещIри.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***

нартыху хьэжыгъэм къыхэщIыкIа хупцIынэ - г 120,

джэдыкIэу - 1,

шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

• Шхыныгъуэхэр





# Тхьэв и гъусэу гъэва джэдыщIэ

Джэд гъэкъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, ягъэгъущ, зэпкърах, шыуан лъэщIабгъуэм иралъхьэ, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэ, шыгъу тракIутэ, тхьэв ягъэхьэзырар лым и щIыIум сатыру тралъхьэ, шыуанышхьэр трапIэжри зэ къытрагъэкъуалъэ. ИтIанэ мафIэ цIыкIум тету лыри тхьэври хьэзыр хъуху, дакъикъэ 20-25-кIэ, ягъавэ. Iэнэм щытрагъэувэкIэ тхьэв вар тепщэчым иралъхьэ, абы лыр тралъхьэ, зыхэвыкIа лэпсым щыщ тракIэж. Пщтыру яшх.

**Тхьэвыр зэращIыр**: Гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIам и кур кумб ящI, абы шыгъу, джэдыкIэ хэлъу псы щIыIэ иракIэри фIыуэ япщ. Нэхъ щабэ хъун щхьэкIэ ар хъыдан тепхъуауэ дакъикъэ 20-25-кIэ щагъэт. Хьэзыр хъуа тхьэвыр хьэжыгъэ зытеуда Iэнэм тралъхьэри, и Iувагъыр мм 2, и кIыхьагъыр см 55, и бгъуагъыр см 30 хъууэ хупхъэкIэ яху. Абы и щIыIум тхъу щахуэ, бжьын цIынэ, къуэнтхъурей упщIэта, шыбжий сыр плъыжь, джэдгын, бурш хьэжа тракIутэ. ИтIанэ тхьэвыр жэрумэм хуэдэу яшыхь мыгъум дыдэу, и кIапэр джэдыкIэпскIэ зэтрагъэпщIэж, и кIыхьагъыр см 2, и хьэлъагъыр г 20-25-рэ хъууэ сэкIэ зэпаупщI.

**Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ)**:

джэдылу - г 500,

псы щIыIэу - г 230,

гуэдз хьэжыгъэу -г 350,

тхъууэ - г 50,

псыуэ -г 120,

джэдыкIэу - 1,

бжьын цIынэу, къуэнтхъурейуэ, шыгъуу, шыбжийуэ, буршу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

• ПщIэну щхьэпэщ

# Жьы хъуа псалъэхэм

ящыщщ пасэ зэманым щыIа классовэ зэхуэмыдэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр: **уэркъ**, **лъхукъуэлI**, **дыжьыныгъуэ**;

Iэщэ лIэужьыгъуэ щыIахэм я фIэщыгъэцIэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр: с**агъындакъ**, **шабзэ**, **мыжурэ**;

адыгэш лъэпкъ щыIахэм я фIэщыгъэцIэхэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр: **Абыкъу**, **Агъын**, **Ачэтыр**, **Бэчкъан**, **Къундет**, **Щолэхъу**, **Щомахуэ**, **Жэнхъуэт**, **Къэбан**, **Мэртазэ**, **Къураты**, **Мысост**;

унагъуэм къыщагъэсэбэп хьэпшып куэдым я фIэщыгъэцIэхэр: **тэбакъ**, **гуэгуэн**, **сыхьэн**, **Iэнлъэ**;

щыгъэн, щэкI, вакъэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр: **гуэншырыкъ**, **къэдабэ**, **сэнжэху**, **къуху**, **шухьэ**, **гуэбэнэч**, **бырынбыху**;

пасэм щыIэу щыта джэгукIэхэм зэреджэр: **мастэпылъэ**, **шыбгъэрыуэ**, **шурылъэс**;

ахъшэ, щапхъэ гуэр къэзыгъэлъагъуэу щыта псалъэхэр: **щай**, **асмушкIэ**;

IэщIагъэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр: **унащIэ**, **дыщэкI**, **фащIэ**, **къамышыщIэ**, **Iустаз**;

мэкъумэшым, Iэщ зехьэным, гъавэ зехьэным ехьэлIа псалъэхэр: **выуэч**, **вэрэвий**, **витIмэшхьэсэ**, **выщхьэфIэщIэ**, **выщхьэтес**.

• Псалъэ пэжхэр

# Сакъ и анэ гъыркъым

- ♦**Нэмысым насып къыдокIуэ.**
- ♦**Джатэм и щIагъи пэжыр жыIэ.**
- ♦**Дунейр къэкIухьи, уи унэ ихьэж.**
- ♦**АжалитI щыщымыIэкIэ, а зэ лIэгъуэм лIыгъэ хэлъхьэ.**
- ♦**Нэмыс пщIымэ, уи щхьэщ зыхуэпщIыжыр.**
- ♦**ФIы щIэи, псым хэдзэ.**
- ♦**Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэркъым.**
- ♦**Хьэрэ пэт и къуажэр ибгынэркъым.**
- ♦**Пагэр мэгыз.**
- ♦**ЩIэм дэжи, жьым дэшхэ.**
- ♦**Псапэр куэд хъуркъым.**
- ♦**Ебгъэлеймэ – къреху.**
- ♦**Уэшх блэкIам щIакIуэ кIэлъыумыщтэж.**
- ♦**Гу нэхъ жэр щыIэкъым.**
- ♦**Узым зыдэбгъэшмэ, узыIэпешэ.**
- ♦**ПцIищэ нэхърэ зы пэж.**
- ♦**Зэхэпх псори пэжкъым, жаIэ псори къэхъуркъым.**
- ♦**Уи анэ къыбжиIэм едэIуи, уи адэ къыбжиIэр гъэзащIэ.**
- ♦**Делэм уи пыIэ ети блэкI.**
- ♦**Хабзэм къемызэгъыр и бийщ.**
- ♦**Сакъ и анэ гъыркъым.**
- ♦**Гур жьы хъуркъым.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Хадэхэкl е гъавэ щащIэну ягъэхьэзыра щIы Iыхьэ. **3**. Бжыхь щахукIэ чыр абы дадз. **7**. Шху мыхъуу упщIыIужа шэ гъэпщта. **8**. Нартыху хъумапIэ. **10**. Уафэм къыщызыкIухь «бжьэхуц» гуартэхэр. **11**. Псым кууэ диха щIыпIэ, уэх. **12**. Таурыхъхэм узыщрихьэлIэ шы лъэрызехьэ: икIи мэпсэлъэф, икIи мэлъэтэф. **13**. Атэлыкъым и гъэсэн. **15**. ЦIыхубз щыгъын. **16**. Уэрэд зыбжанэ зытраусыхьа къуалэбзу лакъуэ псыгъуэ пщэ псыгъуэ. **17**. Бдзэжьей зэрещэ. **18**. ФIыцIабзэ. **22**. Пэрыт, нэгъуэщIхэр зыдэплъей. **23**. ТхъуцIынэ щIэпхумэ ар къонэ.

***Къехыу:*** **1**. ... и губжьыр кхъуэм щехьэ. **2**. Лъэпщ и кIыщым щIэт Iэмэпсымэ. **4**. ... техэмэ, къэбыр IэфI мэхъу. **5**. Гъэмахуэм Iэщым я фэр изых бадзэжь. **6**. ГъавэгъэкI, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **9**. НэгъуэщI унагъуэ телъадэу къаугъэ къызэраIэтым апхуэдэу йоджэ. **11**. Зауэ губгъуэм щытекIуахэм къаIэрыхьэ мылъку, Iэщэфащэ. **14**. Пасэрей фоч. **18**. ЩIакхъуащхьэ тежьыкIа. **19**. Зыгуэрым (хьэкъущыкъум е бжьэпэм) и гъунэ. **20**. Сабий гъэфIам ... къыщепщэр ищIэркъым. **21**. Джэрэзыжу, мылым къыщагъафэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

***Мэкъуауэгъуэм и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

**ЕкIуэкIыу**: **1**. Мэлищэм; **3**. Къуа; **4**. ИлI; **5**. Теубгъуэн; **6**. Уэ; **7**. Щэ; **8**. Гуэхуащ; **9**. ГукIэ; **10**. Хьэр; **11**. НэкIуфIэ; **12**. ИщI; **14**. Iэ; **15**. Емыщхьмэ; **16**. Шу; **17**. Нэ; **18**. Дауэгъурэ.

***Къехыу:*** **1**. Матэ; **2**. Минщ; **8**. Гуэн; **13**. ЩIеуд; **14**. Iэнэ.

• ГушыIэхэр

ЕгъэджакIуэм соупщI:

– Уа, Хьэмидбий, мы заочникхэм жэуап гуэр къапхужьэдэшрэ уэ, хьэмэ сэ схуэдэу уэри?..

– ФIыуэ бгъэкIылмэ, зыгуэр къыхэдыхьэшхыкIынкIэри хъунщ, ахъумэ «Iым» къыбжамыIэнукIэ, соIуэ.

* * *

– Иджыпсту мыбы зы щIалэ цIыкIу къыщIыхьэнущ, школыр фIы дыдэу къиухащ, адэ-анэфI иIэщ, апхуэдизкIэ нэмыс хэлъу ягъэсащи, уэлэхьи, нэхъыжь щысу цIутI пхужимыIэну. «Тхуэпсэлъакъым» жывмыIэу, моуэ зы 4 цIыкIу хуэвгъэуви ныщIэвутIыпщыкIыж.

# Лъэпкъ куэдым щапхъэ яхуэхъуат

**Фащэр адыгэм къигупсыса, къыдэгъуэгурыкIуа щыгъынми, ар ди гъунэгъу щIыналъэхэм щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэми къащтащ, езым я лъэпкъ нэщэнэ гуэрхэр халъхьэжу. Хамэ къэрал къикIа зыплъыхьакIуэхэм ятхыжу щытащ адыгэ зыхуэпэкIэмрэ фащэмрэ кавказ лъэпкъхэм щапхъэ зэрытрахар.**





ДИ АДЭЖЬХЭМ къагупсыса фащэ екIур къащтащ абазэхэми, азербайджанхэми, ермэлыхэми, балъкъэрхэми, куржыхэми, ингушхэми, шэшэнхэми, осетинхэми, къэрэшейхэми, дагъыстэнхэми, къэзакъхэми. Ар нобэ махуэшхуэхэм, хьэгъуэлIыгъуэхэм деж, сценэм итхэм щатIагъэ щыгъыну къэнауэ арами, иджырей зэманым къезэгъыу абы зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр халъхьэу ирагъэдауэ, махуэ къэс щызытIагъэхэри мащIэкъым.

Адыгэ фащэр цIыхухъум и къалэнхэр игъэзэщIэным хуэгъэпсауэ щытщ: тыншу уегъэIэбэ, къыздумыхьэкIынкIэ Iэмал имыIэ хьэпшыпхэр пкIэрегъэзагъэ, зэман кIыхькIэ шыбгым уисыныр псынщIэ пщещI икIи, зауэм ухыхьэн хъумэ, уи теплъэм, уи емыкIу къыщIэщыным утемышыныхьу апхуэдэт. Абы и Iыхьэхэм хохьэ: езы цейр, гъуэншэджыр, джанэр, бгырыпхыр, щIакIуэр, щхьэрыпхъуэныр, лъейр.

Цейр нэм зыкъыщIэзымыдзэ фэхэм къыхащIыкIырт: морэ, фIыцIэ, щхъуэ хуэдэхэм. Хужь езыгъэдыну хуитыр пщыхэрат, ауэ адыгэпщхэр апхуэдизкIэ цIыху зэпIэзэрытхэти, IэщэкIэ мыхъумэ, цIыху къызэрыгуэкIхэм фащэкIэ зыкъыхагъэщхьэхукIыртэкъым.

Цейм и лъабжьэ щIэлъ джанэр Iэпкълъэпкъым хуэфIу, бгым иувэу ядырт. И кIыхьагъыр ар зыщыгъыр къызыхэкIам елъытат: нэхъыбэм сантиметрий-пщIыкIэ лъэгуажьэм къыдэIэбейуэ къагъэувыIэрт, дин лэжьакIуэхэм ящыгъыр нэхъ кIыхьт. Джанэр зыгъэдахэ Iыхьэхэм ящыщт пщэм и лъагагъкIэ, сантиметриплI-хыкIэ дэкIуей пщампIэ лъагэ дытар. Джанэр и гупэмкIэ и кIыхьагъкIэ щызэгуокI, и бгым нэс ар щIыIу цIыкIурэ щIыIунэ щхьэхуэхэмкIэ уопхэ, апхуэдэ дыдэхэр Iэм хуэфIу да Iэщхьэм итщ. Джанэм бгъэ жып хуащI хабзэщ, зыфIэфIым бгым и щIагъкIи нэгъуэщI жып щIедэ.

ЩIалэ цIыкIум цейр япэ дыдэу хуадырт илъэсипщIпщыкIутI щыхъуам деж. Къыхэгъэщыпхъэщ адыгэ лъэпкъым къызэщIиубыдэ лIакъуэ 12-м дэтхэнэ зыми и цей дыкIэ зэриIэжар, къызыхэщIыкIа щэкIым къулейр нэхъ хуэмыщIам къыхигъэщыуи зэрыщытар.

Хьэзырылъэхэр цейм хэмытынкIэ Iэмал зимыIэ Iыхьэщ. Ар цIыкIу-цIыкIуу зэпыщхьэхукIа жып гупщ, пхъэм е къупщхьэм къыхэщIыкIауэ гынылъэ зырыз иIэжу. Гыныр къежьа нэужьщ ар цейм кIэрадэн щыщIадзар. Хьэзырхэр, нэхъ убгъуауэ жыпIэмэ, «шэ хьэзырхэр», зэман лей имыгъэкIуэду шууейм и фочыр иузэ хъыбархэм жаIэр зэщхьэщокI, нэхъыбэр 8-мрэ 10-мрэ я зэхуакум (зы лъэныкъуэкIэ) къыщобжэ. Ауэ адыгэхэм зэпэмыбжыр нэхъ зэрафIэкъабылым къыхэкIыу, блым е бгъум нэхъ трагъащIэ. Абы къикIыр - лъэныкъуитIри зэхэту пщыкIуплI е пщыкIуий мэхъу.

Цейм къыпхугуэмыхын Iыхьэу хэтщ абы щIэпха бгырыпхыр. Бгырыпхым сэшхуэр, кIэрахъуэр, къамэр, зэманым елъытауэ щыIэ нэгъуэщI Iэщэхэри кIэрагъэзагъэ. КъищынэмыщIауэ, фочым узэреIэзэн Iэмэпсымэхэр: ар зэрызэфIэпIуэнтIыкIыну гъущIымрэ щыпхуэну дагъэмрэ. «Адыгэр шхэми жейми и Iэщэр кIэрыщIащ, - етх Хъан-Джэрий, - араще, ар зэкъуэхуауэ къыпIэрыхьэнукъым. Къамэ ямыIыгъыу къэзыкIухьыр щIалэ цIыкIу дыдэхэмрэ лIыжьхэмрэщ». Хъан-Джэрий зэрыжиIэмкIэ, дэтхэнэ адыгэми къыздрихьэкIырт бийр зэрипхыну кIапсэ, шэху уэздыгъэ, дыд, бгырыпх лей, жьакIэупс, джэбын.

«Кавказ Ищхъэрэм ис бгырысу хъуами къэзакъхэми Къэбэрдейм я Iэщэ-фащэри, шы тесыкIэри, хабзэри зыхалъхьащ, - етх урысей этнограф Вейденбаум Евгениий, - абыхэм, замыгъэпсэхуу, къэбэрдей модэ щхьэ-зыфIэфIым темыплъэкъукIыу зыдрагъэкIу, зэманым къыкIэрымыхун щхьэкIэ».

XIX лIэщIыгъуэм и 40 гъэхэм адыгэ цейр Кавказым къулыкъу IуэхукIэ щыIэ къэзакъхэм я фащэу къащтащ. Ауэрэ адыгэ цейр Европэми нэсащ, революцэ нэужьым Урысейм иIэпхъукIа урыс офицерхэм я фIыгъэкIэ.

Адыгэ бзылъхугъэхэм я фащэри пкъыгъуэ зыбжанэу зэхэлът: джанэкIэ, гъуэншэдж, джанэ, кIэ, цей. Къыхэгъэщыпхъэщ фащэр гъэщIэрэщIэнымкIэ, хэдыкIынымкIэ, уагъэ гъэхьэзырынымкIэ адыгэ цIыхубзхэр IэпщIэлъапщIэ дыдэу зэрыщытар, хъыджэбз цIыкIу щIыкIэ абы хуагъасэу къызэрекIуэкIам и фIыгъэкIэ. Апхуэдэу, абыхэм я бостейхэр (бэхуцейхэр) пщампIэм къыщыщIэдзауэ кIэ къуащIэм нэсыху тхыпхъэ гъэщIэгъуэнхэр хадыкIырт дыщэ, дыжьын IуданэкIэ. КъызыхэкIа унагъуэм емылъытауэ, дэтхэнэ пщащэми и фащэм щыщт гъущIым (уэркъ лIакъуэхэм щыщ пщащэхэм папщIэ - дыжьыным) къыхэщIыкIа, гъэщIэрэщIа бгъэгуIулъхьэмрэ бгырыпхымрэ. Уэркъ пщащэхэмрэ гуащэхэмрэ Iэмал имыIэу, дыщэ пыIэ лъагэ ящхьэрыгът, абы и щхьэм Iэлъэщ къытелъыжу.

Адыгэ бзылъхугъэхэм гулъытэ щхьэхуэ хуащIырт пхъэ вакъэм. Абы сантиметр 20 и лъагагъыу урихьэлIэрт икIи цIыхубзыр зыщыщ лъэпкъым елъытат и вакъэм и лъагагъри. Пхъэ вакъэр щыщатIагъэр махуэшхуэхэм дежт.

20-нэ лIэщIыгъуэм и пэхэм цIыхубз фащэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр игъуэтащ, европей модэр Кавказ Ищхъэрэм къэса нэужь. Псом япэ, унэгуащэхэм я дыщэ пыIэр зыщхьэрахащ, Iэгъуапэ кIыхьыр «пахащ», тхыпхъэр нэхъ мащIэ хъуащ, уеблэмэ языныкъуэхэми я бостейр хамыдыкIыжыххэ хъуащ. Дауэ хъуами, дуней псом къызэрыщацIыхуу щыта адыгэ фащэр ди лъэпкъым ихъумэжыну, нобэм къигъэсыну хузэфIэкIащ.

**ФЫРЭ Анфисэ**.

# Леорэ Лаурэрэ ди деж къэсащ

**Осетие Ищхъэрэ - Аланием и мэзхэм хуиту щIаутIыпщхьа, Азие Гупэм щыщ щомыщитIым а республикэм и гъунапкъэхэр зэпаупщIащ**.

КАВКАЗЫМ щыпсэухэр яфIэгъэщIэгъуэну кIэлъоплъ мащIэ хъуа псэущхьэхэм я бжыгъэр зэфIэгъэувэжыным теухуауэ ди мэзхэм щIаутIыпщхьэ щомыщхэм я Iуэху щытыкIэм.

Осетие Ищхъэрэм ЩIыуэпсымкIэ и министерствэм гъунэгъу щIыналъэхэр дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, зэман ипэкIэ хуиту яутIыпща Леорэ Лаурэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэсащ. Осетием и бгылъэхэм зэкIэ къинауэ итыр километр 991-рэ зэпызыча Хостэ и закъуэщ. Ар дэкIащ метр 2488-рэ зи лъагагъ бгым икIи мэзым щхьэхуиту зэрыщIэта зэманым кърибудэу къищэкIуащ дзыгъуэхэр, хьэIуцыдзхэр, бланэхэр.

Щомыщхэм ящыщу псом нэхърэ нэхъ лъагэу дэкIуеяр Леощ - метр 3200-кIэ. Ди республикэм зэрыщыIа зы мазэм кърибудэу абы кхъуэпIащэу 5 къиубыдащ, шхын зэрыхуэмыныкъуэр нэрылъагъуу, и фэр фIыщ, узыншэщ.

Лаурэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я гъунапкъэхэр тIэунейрэ зэпиупщIащ. Ди республикэм ар къызэрихьар абы ипэкIэ къаутIыпщауэ щыта Волна щомыщым къигъуэта лъагъуэ дыдэм тетущ. ГъэщIэгъуэныракъэ, Леорэ Лаурэрэ зэхуэзакъым, а тIум яку километри 4 - 5 фIэкIа дэмылъу зэ гъунэгъу зэхуэхъуа пэтми. Лаурэ иджыблагъэ ишхащ кхъуэпIащэу 3, зы жумэрэн, зы мэз джэду. Абы хуэсакъыу бгылъэ щIыпIэхэр, ныджэхэр къызэхеплъыхь, километрищкIэ нэхърэ нэхъ гъунэгъу къуажэхэм захуищIыркъым.

**ШЭРЭДЖ Дисэ**.








# Псыми щIылъэми щыпашэщ Тимур

**Киров областым мы махуэхэм щекIуэкIащ иджырей пятиборье спорт лIэужьыгъуэм и двоеборье унэтIыныгъэмкIэ щIыналъэзэхуаку зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ зи ныбжьыр илъэси 9 -14-м ит щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэр**.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ ди къэралым и хэгъэгуи 10-м къикIа спортсмен 500-м. Абыхэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэри.

Зэпеуэм ди спортсмен ныбжьыщIэхэм зэфIэкI лъагэхэр щызыIэрагъэхьащ. Апхуэдэу Хьэкъул Тимур, Иванцов Захар, Гавриш Александр сымэ я гупым етIуанэ увыпIэр яубыдащ.

Щхьэзакъуэ зэпеуэм япэ увыпIэр къыщихьащ Хьэкъул Тимур, псы есынымрэ къызэдэжэнымкIэ псоми ефIэкIри.

- Ди ныбжьыщIэхэм зэхьэзэхуэм хъарзынэу я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ. АдэкIи я ехъулIэныгъэхэм хагъахъуэу спорт утыкум бжьыпэр зэрыщаIыгъынум шэч къытесхьэркъым, - жиIащ спортсменхэм я гъэсакIуэ Зенин Игорь.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ**.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэкъуауэгъуэм и 14-рщ.


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.683
Заказыр №1242

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А